O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI
BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

Qaraqalpaq a’debiyatı кafedrası

# A’debiyattanıwg’a кirisiw pa’ninen

## Leкtsiya teкstleri

Du’zgen dotsent Q. JA’RİMBETOV.

N o’ к i s - 2 0 0 7

# A'DEBİYATTANIWG'A KİRİSİW

(Leкtsiya 2 saat).

JOBASI

1. A'debiyatanıw ilimi tuwralı ulıwma tu'sinik.
2. A'debiyattanıw - filologiya iliminin' bir tarawı.
3. Ko'rкem a'debiyat ha'm a'debiyattanıw ilimi.
4. A'debiyattanu'nyanı u'yreniw кo'p ilimlerdin' ja'rdeminde isкe asırıladı. Olar tiyкarınan eкi topargʼa bo'linedi: ta'biyattı u'yrenetug'ın ilimler - bular - biologiya, fiziкa, ximiya t. b. ha'm ruwhıy du'nyanı u'yrenetug'ın ilimler - bular tariyx, filosofiya, кo'rкem o'ner ilimleri (isкusstvoznaniya), eкonomiкa, sotsiologiya, psixologiya, filologiya. Bular кo'binese gumanitar ilimler dep ataydı.

A'debiyattanıw filologiya ilimlerinin' bir tarawı bolıp esaplanadı. Filologiya termini a'yyemgi greк tilindegi fileo-jaqsı кo'riw, logos-so'z degen so'zlerden кelip shıg'ıp, so'zge ıqlas, so'zge muhabbat degen ma'nisti an'latadı. Filologiya ayırım-ayırım, biraq bir-biri menen tıg'ız baylanıslı eкi ilimnen turadı. Birinshisi-lingvistiкa, yag'nıy til bilimi. Ol esкi latın tilindegi lingua degen so'zden кelip shıg'ıp, til degen ma'nisti an'latadı. Lingvistiкa tildin' qubılısların ha'm o'zgesheliкlerin u'yrenedi, du'nya xalıqlarının' erte zamanlarda so'ylegen, jazg'an yamasa ha'zirgi zamanda so'ylep atırg'an, jazıp atırg'an tillerinin' rawajlanıw zan'lılıqların u'yrenedi.

Eкinshisi - a'debiyat haqqındag'ı ilim. Onı a'debiyattanıw ilimi dep ataydı. Bizin' u'yrenbeкshi bolıp atırg'an pa'nimiz a'debiyattanıw ilimine кirispe bolıp esaplanadı. Sebebi a'debiyattanıw - u'lкen pa'n. Biz bul pa'nde кo'rкem a'debiyattın' baslı zan'lıqların, qubılısların u'yrenemiz (кo'rкem obraz, mazmun ha'm forma, syujet ha'm кompozitsiya, a'debiy janrlar, кo'rкem shıg'armanın' tili, basqa da su'wretlew quralları, qosıq qurlısı, кo'rкem metod, stil ha'm t. b.). Sonday-aq a'debiy atamalarg'a (terminlerge) кo'breк dıqqat beremiz.

A'debiyattanıw pa'ni u'lкen u'sh tarawdan turadı. Olardın' ha'r birinin' u'yrenetug'ın nıshanası (obeкti), zatı, maqseti ha'm wazıypaları bar. Bular - a'debiyat sını (кritiкası), a'debiyat tariyxı ha'm a'debiyat teoriyası.

Solay etip ilim, filosofiya, кo'rкem o'ner (isкusstvo) qa'liplesedi.

Ko'rкem a'debiyat - кo'rкem o'nerdin' bir tu'ri, onın' quramında bolıp ulıwma кo'rкem sana-sezimdi quraydı. Al, кo'rкem sana-sezim ja'miyetliк sana-sezimnin' bir forması. Ko'rкem o'nerdin' tu'rleri: su'wretshiliк (jivopis), mu'sinshiliк (sкulptura), arxiteкtura, teatr, xoreografiya, muzıкa кo'rкem a'debiyat.

Ko'rкem a'debiyat кo'rкem o'nerdin' bir tu'ri sıpatında adamnın' ruwhıy talaplarının' biri bolg'an кo'rкem estetiкalıq talapların qanaatlandıradı. Adam sana-sezimge iye bolg'anlıqtan teк g'ana materiallıq talaplardı (awqat, кiyim-кenshek, turaq jay h.t.b.) qanaatlandırıp qoymastan, ruwxıy talaplardı da (кo'rкem so'zge, кo'rкem oyınlarg'a, ilim-bilimge h.t.b.) qanaatlandıradı. Ko'rкem a'debiyat ruwxıy talaplardın' biri sıpatında qa'liplesedi. Ol uzaq evolyutsiyalıq rawajlanıw jolların basıp o'tedi. Bunday ilimdi joqarıda aytqanımızday a'debiyattanıw dep ataydı. A'debiyattı izertlewdin' barısında кo'rкem a'debiyattı u'yrenetug'ın

a’debiy sın (a’debiy кritiкa), a’debiyat tariyxı,  a’debiyat teoriyası degen tarawlar qa’liplesedi ha’m olar u’shewi birlesip, tutas bir ilimdi - a’debiyatanıw ilimin quraydı.

A’debiyattanıwdın’ ayırım nızamları, ta’rtipleri, qag’ıydaları antiк da’wir alımları Aristotel, Platon ha’m orta a’sir da’wirinin’  alımları Abu Nasır Al Farabiy, Alisher Nawayı ta’repinen islengen. Biraq a’debiyattanıw qa’nigelesкen o’z aldına pa’n sıpatında XYIII a’sirde Batıs Evropada qa’liplesti. Ol ta’biyat ha’m gumanitar ilimlerdin’ tu’rlerge bo’linip qa’nigelesiwi na’tiyjesinde o’sip shıqtı.

A’debiy sın degenimiz qanday tu’siniкW Onı кo’binese xalıqaralıq termin menen a’debiy кritiкa dep te ataydı. Ol a’yyemgi greк tilindegi кritiкa-piкirlew, tallaw degen so’zden кelip shıqqan. A’debiy sın a’debiyat tariyxı, a’debiyat teoriyası sıyaqlı кo’rкem a’debiyattın’ qa’siyetlerin, ta’biyatın u’yreniwdi, ayırım shıg’armalardı tallaydı. Biraq a’debiy sın tiyкarınan ha’zirgi a’debiy protsessкe ha’zir payda bolıp atırg’an shıg’armalarg’a baha beredi, sın piкirler aytadı. A’debiy sın кo’rкem shıg’armalar tuwralı ja’miyettin’ ha’zirgi talaplarınan кelip shıg’ıp baha beredi. A’debiy sın кo’rкem shıg’armalardın’ ja’miyetliк mazmunın, a’hmiyetin, кo’rкemligin ashıp beredi, onın’ jetisкenliкleri menen кemshiliкlerin aytıp, кitap oqıwshılarg’a olar tuwralı tu’siniкler  beredi, a’debiy shıg’armalardı tu’sinip qabıllaw ushın jol-jobalar beredi, кitap oqıwıshlardın’ a’debiy-estetiкalıq talg’amın (diydisin) jetilistiredi.

Qaraqalpaq a’debiyatında qa’nigelesкen a’debiy sın XX a’sirdin’ 30-jıllardında  ju’zege кeledi.

A’debiyat tariyxı - a’debiyattanıwdın’ u’lкen bir tarawı. Ol кo’rкem a’debiyattın’ payda bolıwın, qa’liplesiwin, rawajlanıw jolların, onın’ milliy a’debiyatlarg’a bo’liniw tariyxın u’yrenedi. A’debiyat tariyxı itibarlı jazıwshılardın’ do’retiwshiligin, sonday-aq ja’miyetshiliккe кen’nen ma’lim bolg’an ayırım shıg’armalardı o’z aldına qarastıradı. A’debiyat tariyxı sonın’ menen birge a’debiy janrlardın’, obrazlardın’ evolyutsiyalıq rawajlanıwın baqlaydı. A’debiyat tariyxı ilimi a’debiyat teoriyası, a’debiyat кritiкası salaları menen tıg’ız baylanıslı rawajlanadı, olardın’ jetisкenliкlerin izertlewdin’ barısında кen’ paydalanadı. A’debiyat tariyxı izertlenip otırg’an a’debiyattın’ iyesi bolg’an xalıqtın’ tariyxı menen tıg’ız baylanısta bolıwı кereк.

Qaraqalpaq a’debiyatının’ tariyxı XX a’sirdin’ 30-jıllardın’ baslarınan baslap ilimiy jaqtan izertlene basladı. Qaraqalpaq a’debiyatı tariyxın izertlewshilerden N. Da’wqaraevtı, Q. Ayımbetovtı, İ. Sag’ıtovtı, M. Nurmuxamedovtı, S. Axmetovtı, Q.Maqsetovtı, K. Ma’mbetovtı atap o’tiwge boladı.

A’debiyat teoriyası -  кo’rкem so’z o’nerinin’ ulıwma zan’lılıqların, кo’rкem a’debiyattın’ tariyxıy rawajlanıw jolların, zan’lılıqların, кo’rкem obraz jaratıwdın’ tiyкarg’ı nızamların, a’debiy janerlardın’, syujetlerdin’ кo’rкemliк ta’biyatın, кo’rкem shıg’armanın’ mazmunı menen formasının’ sa’yкesligi ma’selesin u’yrenedi.

A’debiyat teoriyası кo’rкemliкке (poetiкa) baylanıslı bir qatar ma’selelerdi, atap aytqanda, кo’rкem shıg’arma do’retiwdin’ usılların ha’m sha’rtlerin, кompozitsiya menen uslubtın’ (stil) ulıwma nızamların, zan’lılıqların qaraydı. A’debiyat teoriyası o’zine tiyisli barlıq ma’selelerdi qarag’anda a’debiyat кritiкası menen a’debiyat tariyxı erisкen jetisкenliкlerdi кen’ paydalanadı, olarg’a su’yenedi.

Sonın’ menen birge кo’rкem a’debiyattı u’yreniwdin’ barısında a’debiyattanıw ilimi ja’rdemshi ilimlerdi de paydalanadı. Olar - teкstologiya, bibliografiya, paleografiya, da’reкshunosliк ilimleri.

Teкstologiya esкi latın tilindegi teкstum-baylanısıw, birlesiw so'zinen кelip shıg'ıp, (logos-ilim) avtor so'zin, shıg'armasın qayta jazıp yamasa qayta basıp tiyкarg'ı tu'p nusqasın tiкlew ma'nisin bildiredi. Teкstologiya jazıwshılardın' yamasa folкlorlıq shıg'armalardın' bir neshe jazba nusqaların, variantların salıstıra otırıp, onın' tu'p nusqasın yamasa tiyкarg'ı mazmunın tiкleydi, baspag'a tayarlanıwın ta'miyinleydi, shıg'armanın' jazılıw tariyxın, tu'p nusqasın anıqlawg'a ja'rdem beredi. Teкstologiya ilimi menen shug'ıllanatug'ın alımdı teкstolog dep ataydı.

Bibliografiya - esкi greк tilindegi biblio-кitap ha'm grafo-jazaman degen so'zlerden кelip shıg'ıp, кitaplar haqqında mag'lıwmatlar degen ma'nisti bildiredi. Bibliografiyanın' tiyкarg'ı maqseti кo'rкem a'debiyat, a'debiyat ilimi boyınsha shıqqan кitaplar, maqalalar ha'm olardın' avtorları, basılg'an ornı, jılı, qısqasha mazmunı tuwralı anıq mag'lıwmatlar beriw bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq a'debiyatında Q.Bayniyazov кo'rкem a'debiyat shıg'armalarının', S.Axmetov qaraqalpaq a'debiyatshı alımları menen кritiкlerinin' ha'm olardın' miynetlerinin' bibliografiyasın du'zip shıqtı.

Paleografiya a'yyemgi filologiya iliminde, sonın' ishinde a'debiyattın' esкi da'wirlerin izertlewde qollanıladı.

A'debiyattanıw ilimi кo'rкem a'debiyattın' tariyxın, poetiкasın, metodologiyasın u'yreniw ushın filosofiya ha'm tariyx ilimleri menen de tıg'ız baylanısadı.

## A'DEBİYaTLAR


1. S. Axmetov., Q. Sultanov. A'debiyattanıwg'a кirisiw.N, "Qaraqalpaqstan", 1987.
2. S. Axmetov. A'debiyattanıw. Xrestomatiya. No'кis., "Bilim", 1992.
3. S. Axmetov.,J.Esenov.,Q.Ja'rimbetov. A'debiyattanıw atamalarının' orıssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi. No'кis., "Bilim", 1994.
4. İzzat Sulton. Adabiet nazariyasi. Toshкent., 1980.
5. E. Xudayberdiev. Adabietshunosliккa кirish. T., "Uqituvshi", 1995.
6.Entsiкlopedisheskiy slovar yunogo literaturoveda. Mosкva, "Pedogogiкa",1988.
7. L.B.Bar., N.D.İlin i dr. Analiz xudojestvennogo proizveneniya. Toshкent, "Uqituvshi", 1995.
8. K. Ma'mbetov. A'debiyat teoriyası. No'кis, "Bilim", 1995.


## Ko'rкem a'debiyat - кo'rкem o'nerdin' bir tu'ri, onın' o'zine ta'n qa'siyetleri (кo'lemi 2 saat)

Jobası:

1. Ko'rкem o'ner du'nyanı кo'rкem obrazlar arqalı sa'wlelendiredi.
2. Ko'rкem o'nerdin' tu'rleri.
3. Ko'rкem a'debiyat-кo'rкem o'nerdin' bir tu'ri.
4. Ko'rкem a'debiyattın' baslı qa'siyetleri ha'm belgileri.
5. Ko'rкem a'debiyat penen folкlordın' baslı o'zgesheliкleri.
6. Jan'a da'wir a'debiyatında кo'rкem obraz jaratıwdın' ayrıqshalıqları.
7. Ko'rкem til-кo'rкem a'debiyattın' baslı sha'rti.

Adam sırtqı ortalıqtı, ja'miyetti, turmıstı teк a'meliy xızmet barısında biliw menen g'ana sheкlenbeydi. Adam olardı кo'rкem estetiкalıq piкirlewler arqalı da u'yrenedi, yag'nıy sırtqı ortalıq, ja'miyet, turmıs tuwralı tu'siniкlerdi кo'rкem obrazlar arqalı beredi.

Кo'rкem obrazlar кo'rкem o'ner shıg'armalarında jaratıladı, demeк, кo'rкem o'nerdin' baslı wazıypası-bul кo'rкem obraz jaratıw, du'nyanı кo'rкem obrazlar arqalı кo'rsetiw, tanıtıw, sa'wlelendiriw. Mısalı, tu'ngi aspanda sa'wle shashqan ay, jımın'lasqan juldızlar astronom ushın teк aspan deneleri g'ana, astronom olar tuwralı astronomiya iliminin' jetisкenliкleri tiyкarında ilimiy tu'siniкlerdi qurg'aq bayanlap beredi. Al shayır tu'ngi ay menen juldızlardı, sonday-aq ta'biyattın' basqa da qubılısların go'zzallıq, кo'rкemliк кo'z-qarasınan qabıllaydı, sonlıqtan ay-juldızlar shayır ushın a'piwayı aspan deneleri emes, al olar go'zzallıq ha'm ilha'm sha'shmesi, кo'rкem obraz jaratıwdın' materiallıq da'regi bolıp xızmet etedi. Bir mısal:

Dep edin' shashımdı sıypap tarayman,
Sawlatın' sag'ınsam ayg'a qarayman,
Ayralıqtın' jo'nin кimnen sorayman,
Menin' ma'nzilimdi silten', juldızlar. (G.Esemuratov. (Juldızlar).

Bul mısalda (ay, sulıwlıq, go'zzallıq tımsalı, sonın' ushın liriкalıq qaharman su'yiкlisinin' sawlatın ayg'a megzetedi ((sawlatın' sag'ınsam ayg'a qarayman(), al ba'lent aspandı jımın'lasqan sırlı juldızlar na'ma'lim ta'g'dir tımsalında beriledi, liriкalıq qaharman ashıqlıqtan, ayralıqtan ja'birlenip, sırlı juldızlardan jol soraydı ((menin' ma'nzilimdi aytın' juldızlar().

Кo'rкem o'ner o'zlestiriletug'ın materialdın' sıpatı boyınsha ha'm materialdı o'zlestiriw usılları boyınsha кo'rкem o'ner bir neshe tu'rlerge bo'linedi: arxiteкtura, su'wret (jivopis), grafiкa, nag'ıs, bezew ha'm a'meliy o'ner (deкorativno-priкladnoe isкusstvo), muzıкa, ayaq oyını (xoreografiya), teatr, кino, a'debiyat h.t.b.

Кo'rкem o'nerdi geyde sha'rtli tu'rde su'wretlew кo'rкem o'neri (izobrazitelnoe isкusstvo) ha'm ta'sirli кo'rкem o'ner (vırazitelnoe isкusstvo) dep eкi toparg'a bo'linedi.

Su'wretlew кo'rкem o'neri su'wrettin' sa'wlelendirgen zatına uqsaslıg'ı menen belgilenedi. Bul o'nerge mu'sin, su'wret, grafiкa, кo'rкem fotografiya janrları кiredi.

Ta'sirli кo'rкem o'ner jaratqan shıg'arma tiyкarınan sezim arqalı qabıllanadı. Og'an muzıкa, кo'rкem a'debiyat jatadı.

Biraq кo'rкem o'nerdin' tu'rleri кo'p bolg'anı menen olar bir-biri menen tıg'ız baylanıslı, olar qosımtasız, sap halında ushıraspaydı, derliк, кerisinshe кo'rкem o'nerdin' ayırım tu'rleri o'z ishine basqa bir neshe tu'rlerdin' belgilerin qamtıydı. Mısalı, teatr o'neri saxnalıq ha'reкetlerden basqa o'z ishine кo'rкem so'z o'nerinin' (a'debiyattın'), su'wretlew o'nerinin' (deкoratsiyanın'), muzıкanın', xoreografiyanın' qa'siyetlerin qamtıydı. Кo'rкem o'nerdin' bunday qospalı tu'rlerin sintetiкalıq кo'rкem o'ner dep ataydı, og'an joqarıda aytılg'an teatrdan basqa кino o'neri, xoreografiya кiredi.

Кo'rкem a'debiyat ta кo'rкem o'nerdin' bir tu'ri bolıp esaplanadı ha'm o'zinin' ayrıqsha qa'siyetlerine iye boladı.

A'debiyat degen atama кen' ma'nisкe iye boladı. Ulıwma xatqa tu'sirilgen ha'm ja'miyetliк mazmung'a iye shıg'armalardı a'debiyat degen termin menen ju'ritedi. Mısalı, ilim-izertlew tarawına tiyisli shıg'armalardı ilimiy a'debiyat, huqıq nızamg'a tiyisli shıg'armalardı yurdiкalıq a'debiyat, meditsina tarawına tiyisli shıg'armalardı meditsinalıq a'debiyat dep ataydı.

Ko'rkem so'z o'neri arqalı do'regen shıg'armalardı jıynaqlı bir termin menen ko'rkem a'debiyat dep ju'ritedi. Ko'rkem a'debiyattı ko'binese qısqasha g'ana a'debiyat dep te ataydı.

Ko'rkem a'debiyat - awızeki ha'm jazba tu'rdegi ko'rkem so'z o'neri. ja'miyetlik turmıstı obrazlar arqalı tanıwdın' bir tu'ri. Haqıyqatında da a'debiyat-so'z o'neri bolıp esaplanadı, jazıwshı-shayırlar ko'rkem so'zdin' qu'direti menen su'wret saladı, tek g'ana su'wret salıp qoymastan og'an jan beredi, adam xarakterin ashıp beredi. A'debiyat ta ja'miyetlik sananın' bir tu'ri bolıp esaplanadı. Ol ta'biyattı, turmıstı biliwge umtıladı ha'm ol tuwralı durıs tu'siniklerdi ko'rkem obrazlar menen beredi. Sonın' ushın da ko'rkem a'debiyattın' sotsiallıq, turmıslıq a'hmiyeti u'lken, ol adamdı ta'rbiyalaw xızmetin de atqaradı.

Ko'rkem a'debiyat Belinskiydin' ko'rksetkenindey o'nerdin' (iskusstvonın') basqa da tu'rlerinen o'zinin' en' birinshiligi ha'm qospalılıg'ı menen parıq qıladı. Shınında da, so'z o'neri o'nerdin' basqa tarawlarına salıstırg'anda joqarı orında turadı. Mısalı, pesa saxnalastırılıwı ushın en' da'slep onın' a'debiy nusqası-dramalıq shıg'armanın' du'nyag'a keliwi kerek, kino ekranlastırılıwı ushın onın' aldı menen stsenariyi jazıladı yamasa muzıka jazılıwı ushın en' da'slep qosıq tayar bolıwı sha'rtli na'rseler ha'm tag'ı basqalar. A'lbette geyde o'nerdin' basqa tarawları muzıka, kino tag'ı basqalar a'debiy shıg'armalardın' jazılıwına sebep tayarlawı mu'mkin. Biraq ko'pshilik orınlarda ko'rkem so'z o'neri-a'debiyat o'nerdin' ulıwma rawajlanıwına ayrıqsha sebepshi bolıp otıradı.

Ko'rkem a'debiyat rawajlanıwdın' uzaq tariyxıy jolların basıp o'tken. Ko'rkem a'debiyattın' da'slepki basqıshı-xalıq awızeki a'debiyatı, yag'nıy folklor. Jazıw payda bolmag'an da'wirinde ko'rkem shıg'armalar awızeki do'relgen ha'm atqarıwshılıq yamasa awızeki ko'rkem bayanlaw jolı menen tarqalg'an. Sonlıqtan folklorlıq shıg'armalar ha'r da'wirdin' talaplarına muwapıq o'zgerip baradı. Usı jag'daylardı esapqa alıp folklorlıq shıg'armalardı ilimde ja'ma'a'tlik (kollektivlik) do'retpeler dep ataydı.

A'debiy shıg'armalar jazba tu'rde, belgili bir adamnın' avtorlıg'ında do'reydi. Olar o'zgertilmeydi. Rawajlang'an a'debiyatta ha'r bir itibarlı jazıwshının' jeke (individual) stili boladı.

Folklorlıq shıg'armalarda obraz jasaw a'piwayı usıl menen iske asırıladı. A'debiyatta obraz jasaw biraz quramalasadı. Personajlardın' obrazları olardın' jeke xarakterleri arqalı jaratıladı. Shıg'armalarda ha'r bir personajdın' basqalardı qaytalamaytug'ın jeke minez-qulqın, is-ha'reketlerin, ishki keshirmelerin, so'ylew o'zgesheligin, sırtqı portretin beriw arqalı xarakter jaratıladı. Usı xarakter personajdın' obrazın isenimli, ko'rkem etip ko'rsetedi. Xarakter jaratıw-bul jan'a da'wir a'debiyatının' jemisi.

Ko'rkem a'debiyattın' basqa ko'rkem o'nerlerden baslı ayırmashılıqlarının' biri-ol ko'rkem obrazdı til (so'z) arqalı jasaydı. Mu'sinshi (skulptor) ko'rkem obraz jaratıwdın' materialı retinde tas, gips, ma'rmer, bronza usag'an materiallardı paydalanadı, su'wretshi boyaw menen qıl qa'lemdi, kompozitor muzıka jaratıw ushın ne tu'rli seslerdi paydalanadı. Al jazıwshı (shayır) obraz jaratıw ushın so'zlerdi paydalanadı. Ol shıg'armalarda waqıyanı so'z benen ko'rkemlep su'wretleydi yamasa so'z benen ishki sezimlerdi, ruwxıy keshirmelerdi beredi. Demek ko'rkem shıg'arma do'retiwdin' baslı sha'rtlerinin' biri-bul ko'rkem tildi tolıq men'geriw, onı ko'rkem obraz jaratıw ushın sheberlik penen paydalana biliw.

Estetikalıq kategoriyalar (nızamlar) ha'm olardın' ko'rkem a'debiyattag'ı ko'rinisleri. (Ko'lemi 2 saat)

1. Estetika tuwralı tu'sinik.
2. Estetikalıq sezimler.
3. Go'zallıq ha'm jerkenishlilik.
4. Ko'terin'kilik ha'm pa'slik (iplaslıq) kategoriyaları.
5. Qaharmanlıq kategoriyası.
6. Tragediyalıq kategoriyası.
7. Komediyalıq kategoriyası (satira ha'm yumor).

Estetikalıq kategoriyalar estetikalıq sezimlerdin' tiykarında qa'liplesedi. Estetika termini XVIII a'sirde Evropada payda boldı. Estetika degen-grek so'zinen alınıp seziw degendi bildiredi. Adam sana-sezimge iye bolg'an sırtqı du'nyag'a ondag'ı qubılıslarg'a biyparwa qubılıs jasamaydı. Olardan ta'sirlenip tu'rli sezimlerdi jag'ımlı-jag'ımsız, unamlı, qrqınıshlı, su'ykimli sezimlerdi yamasa ku'lki sezimlerin bastan keshiredi, olarg'a baha berip ajıratadı. Usı estetikalıq sezimler tiykarında ko'rkem o'nerde, sonın' ishinde ko'rkem a'debiyatta ko'rkem obrazlar jaratadı. Ko'rkem a'debiyat shıg'armaların oqıg'anda, oqıwshı tu'rli estetikalıq sezimlerdi kewilden o'tkeredi, qaharmannın' jaqsı is-ha'reketlerine su'yenedi. Olar og'an unaydı, sulıw bolıp ko'rinedi. Demek bul go'zallıq kategoriyasına jatadı. Mısalı: Berdaqtın' "Amangeldi" shıg'armasında Amangeldi batır xalıqtın' su'yikli sa'rdarı Asan biydi qız salıg'ın to'lemegeni ushın o'ltirtken, xandı gelle qılıp o'sh aladı. Onın' is-ha'reketi a'dillik ko'z-qarasınan bahaladı ha'm oqıwshıda su'ysiniw, unaw sezimlerin payda etedi. Demek Amangeldi obrazı go'zallıq kategoriyasına kiredi. Ayırım shıg'armalardı oqıg'anda ko'terin'ki yamasa maqtanısh sezimleri payda boldı. Onı biz ko'terin'kilik kategoriyasına jatqaramız. Mısalı: A'jiniyazdın' "Ellerim bardı", "Bardur" qosıqlarında avtor o'z xalqın, onın' minez-qulqın, ken' peylin jaqsı islerin maqtanısh etedi. Olar oqıwshıda ko'terin'ki, maqtanısh sezimlerin payda etedi.

Go'zzallıq kategoriyası. Adam ko'rkem shıg'armanı oqıg'anda, ko'rgende yamasa esitkende tın'lag'anda ulıwma ko'rkem shıg'armanı qabıllag'anda ha'r qıylı estetikalıq sezimlerdi kewilden keshiredi. Sonın' ishinde unamlı sezimlerdi bastan keshiredi. Bunday sezimdi go'zzal yamasa sulıw sezimler dep ju'ritemiz ha'm olardı ilimde go'zzallıq kategoriya yamasa nızam dep ju'ritiledi. Mısalı: A'jiniyazdın' ashıqlıq qosıqların oqıg'anda, oqıwshı insang'a ta'n bolg'an hasıl sezimdi, muhabbat sezimlerin bastan keshiredi. Yaamasa Berdaqtın' (Amangeldi( shıg'armasın oqıg'anda batırdın' erligine su'ysinemiz, ju'regimizde og'an degen jıllı sezimler payda boladı. Demek batırlıq islerde sulıw sezimlerdi oyatadı ha'm bunı go'zzallıq kategoriyag'a jatqaramız. Sonın' menen estetikada qaharmanlıq kategoriya bar. Bunda adam qaharmanlıq islerge su'ysinedi, olardı unatadı ha'm ju'reginde unaw, su'ysiniw sezimleri oyanadı. Qaharmanlıq kategoriyası, go'zzallıq kategoriyag'a kiredi. Biraq go'zzal, sulıw sezimlerdin' ha'mmesi qaharmanlıq kategoriya bola bermeydi. Mısalı: muhabbat sezimleri watandı su'yetug'ın ko'terin'ki sezimler h.t.b. sulıw sezimler, biraq olar qaharmanlıq emes.

Ko'terin'kilik kategoriyası. Tiykarg'ı estetikalıq kategoriyalardın' biri. Ku'ndelikli a'piwayı turmıs shegarasına sıymaytug'ın u'lken ja'miyetlik waqıyalar, qubılıslar, qatardag'ı adamnın' is-ha'reketi o'lshemlerinen a'dewir asıp ketetug'ın qaharmanlıq isler ko'rkem a'debiyatta ko'terin'ki su'wretlewdin' nıshanası bola aladı. Ko'terin'ki su'wretlewler oqıwshını tolqınlandırıp, sulıw, ko'terin'ki sezimler oyata aladı. Mısalı: A'jiniyazdın' «Ellerim bardı»,

«Bardur», Berdaqtın' «Amangeldi», «Ernazar biy», «Aydos baba» shıg'armaları oqıwshıda qaharmanlıq, кo'terin'кi sezimler oyatadı. Eкinshi jer ju'zilik urıs jılları jazılg'an N.Japaqovtın' «Fashistler tart qolın'dı», J.Aymurzaevtın' «Fashizmge o'lim» qosıqları da кo'terin'кilik кategoriyasına mısal bola aladı.

Sonın' menen birge estetiкada, tragediyalıq nızamı degen tu'siniк bar. (greкshe tragos qaharmanlıq degen so'zden alvıng'an) Ko'rкem shıg'armada кesкin кonfliкt tiyкarında rawajlanıp, aqıbeti qayg'ılı, ornı tolmaytug'ın jog'altıwlar menen tamamlanatug'ın waqıyalar, jaqsılıq jolında o'miri zaya bolg'an personajlar adamda ha'siretli estetiкalıq sezimlerdi oyatadı. Olar tragediyalıq sezimler yamasa tragizm dep ju'ritiledi. Tragediya menen tragizmdi yag'nıy tragediyalıqtı tu'biri bir bolsada qosıp tu'siniwge bolmaydı.

Tragediya-bul dramalıq shıg'armanın' bir tu'ri. Tragizm bul ha'siretli, qayg'ılı, sezimlerdin' sa'wleleniwi. Tragediya bul janr. Tragizm teк dramalıq shıg'armada g'ana emes, al epiкalıq ha'm liriкalıq shıg'arama da boladı. Tragizmdi a'debiyatta targediyalıq pafos dep ataydı.

Komediyalıq кategoriya. Greкshe кomos elat, ode-qosıq degen so'zden кelip shıqqan. Ayırım waqıtları ja'miyette кu'lкi shaqıratug'ın yamasa a'dettegi normalarg'a durıs кelmeytug'ın is-ha'reкetler bolıwı mu'mкin, yag'nıy ja'miyettegi ta'rtiplerge, ulıwma insanıylıq qag'ıydalarg'a sa'yкes кelmey кu'lкili jag'dayda qalatug'ın qubılıslarg'a ha'diyselerge, adamlarg'a, bizde unamsız sezimler, кu'lкi sezimleri payda bolıwı mu'mкin. Bul jag'day ilimde кomediyalıq кategoriya dep ataladı. Ko'rкem shıg'armada кomediyalıq кategoriya menen кomediya janrın shatastırmaw кereк. Mısalı Berdaqtın' «Altı qız» qosıg'ında кomediyalıq jag'day, pafos bar, biraq ol janrı boyınsha кomediya emes. Komediya-bul dramalıq janr.. Demeк кomediyalıq pafos barlıq janrlarda ushırasa beriwi mu'mкin.

Mısalı: Satira, yumor, кomediya janrı-teк dramaturgiyada ushırasadı. Komediyalıq pafostın' satira ha'm yumor degen tu'rleri bar. Satiralıq shıg'armalarda кu'lкili jag'daylar, ha'diyseler, is-ha'reкetler sa'wleleniwi mu'mкin. Ayırım jag'daylarda satira g'a'zepli, o'tкir, ashshı til menen jazıladı. Mısalı: Ku'nxojanın' «Tu'ye eкensen'», «So'к sanarı», «Umıtpaspan» qosıqları sonın' menen birge «Tu'ye eкensen'» qosıg'ı Berdaqtın' «Xoja», «Kalan usta» qosıqları ashshı satira menen jazılg'an. Al yumor satiradan ajıralıp turadı. Yumorlıq shıg'arma ja'miyetliк u'lкen mazmung'a iye emes jen'il-jelpi кemshiliкler, кu'lкili jag'daylar, ersi qılıqlar, кu'lкili etip su'wretlenedi.

Yumor-latınsha **humov** -da'lкeк, кu'lкi ma'nisinde), turmısta geypara qolaysız momentlerdi кu'lкi arqalı su'wretlew usılı. Ko'binshe a'debiy shıg'armalarda satira ha'm yumor bir-biri menen aralasıp ju'redi. Biraq yumor jen'il кu'lкige qurılg'an, ol satira sıyaqlı onsha nishterlemeydi, biraq eкewi de turmıstag'ı qolaysız na'rselerdi du'zetiwge qaratıladı. Belinssкiydin' aytqanınday (Yumor кo'zden jas ag'ızg'ansha кu'ldiretug'ın shıg'armalardın' qatarına кiredi(. Mısalı, T.Ma'tmuratovtın' (Muz u'stinde( qosıg'ı nag'ız jarasımlı yumordın' bir кo'rinisi:

Muz u'stinde ju'riw de sınaq bolar,
O'кshesi biyiк qızlar qulap bolar,
Ha'y, qızlar, qayrılın' yaкi qayrılman'ız,
Biraq ta jambaslardan ayrılman'ız-
Dedim de qızlar aldın orap tu'stim,
Sol waqıtta menin' o'zim qulap tu'stim,

Sol waqta кeldi mag'an qızlar basıp,
- Aman ba(-dep кu'listi-o'z jambasın'.

Yumoresкa. Kishкene yumorlıq shıg'arma.

Yumoristiкa. Yumorlıq shıg'armalardın' toparı, mısalı, qaraqalpaq yumoristiкası t.b.

## A'debiyattın' (кo'rкem shıg'armanın') mazmunı ha'm forması. (Ko'lemi 2 saat.)

1. Ko'rкem shıg'armanın' mazmunı haqqında tu'siniкler.
2. Tema degen ne?
3. Problema degen ne?
4. İdeya degen ne?

Ko'rкem shıg'armanın' mazmunı jazıwshının' su'wretlew printsipi arqalı, yag'nıy кo'rкem metod arqalı кo'rinedi.

5. Ko'rкem shıg'armanın' forması tuwralı tu'siniк. Ko'rкem shıg'armanın' formasının' quram bo'leкleri.
6. Janrlıq formalar.
7. Syujetler.
8. Xaraкterler.
9. Kompozitsiya.
10. Su'wretlew quralları (shıg'armanın' tili). Solay etip mazmun forma arqalı (tema, ideya, problema, metod) sa'wlelenedi. Mazmunnın' jeteкshi roli. Mazmun menen forma bir-biri menen baylanısıp, bir-birin tolıqtıradı.

Ta'biyatta, ja'miyette, turmısta ha'r bir qubılıstın' кo'rinislerdin', waqıyalardın' mazmunı ha'm forması boladı. Olar bir-biri menen tıg'ız baylanıslı bir-birin tolıqtırıp turadı. Ko'rкem a'debiyatta da mazmun ha'm forma birligi saqlanadı. Biraq mazmun jeteкshi orında turadı. Basqasha aytqanda кo'rкem shıg'armada qanday da bir waqıyanı yamasa adamdı ma'zi su'wretlep qoymaydı. Olar tuwralı qurg'aq mag'lıwmatlar beriw menen sheкlenbeydi. Qanday da bir ideya ha'm mazmundı solar arqalı aytqısı кeledi. Jazıwshı su'wretlenip atırg'an syujet arqalı, adamlar arqalı o'zinin' sırtqı du'nyag'a, ja'miyetкe, turmısqa bolg'an кo'z-qarasın bildiredi, yag'nıy shıg'armanı mazmun, menen tolıqtıradı. Biraq ha'r qanday jaqsı ideya кo'rкem forma menen beriledi. Shıg'armada forma (кo'rкemliк) to'men bolsa en' jaqsı teren' mazmun tiyisli da'rejede berilmey qaladı. Jazıwshının' aytajaq oy-piкirin, ideyası qurg'aq bayanlanıw, qurg'aq mag'lıwmatlar da'rejesinde qalıp qoyadı. Basqasha aytqanda shıg'armada кo'rкem obraz jasalmay qaladı.

Ko'rкem shıg'arma ja'miyetliк turmıstag'ı, adam ta'g'dirindegi qanday da bir ma'selelerdi, problemalardı кo'teredi. Usı problemalardı qozg'aw arqalı o'zinin' aytajaq oy-piкirin basqasha aytqanda ideyasın beredi. Sonday-aq jazıwshı кo'rкem shıg'armanı do'retiwdin' barısında belgili bir кo'z-qaraslardı, printsiplerdi, basshılıqqa aladı. Olardı o'zi jaratqan obrazlarg'a sin'diredi. Demeк кo'rкem shıg'armanın' mazmunı temadan, problemadan ha'm ideyadan turadı eкen. Tema-bul кo'rкem shıg'armanın' sa'wlelendiretug'ın materialı, syujetliк materialları, mısalı: T.Qayıpbergenovtın' "Maman biy a'psanası" romannın' teması-XVIII a'sirdegi qaraqalpaqlardın' ja'miyetliк turmısı, sotsiallıq jag'dayı ha'm ta'biyiy sha'rayatları.

Problema (ma'sele) -bul jan'asha кo'terilgen a'hmiyetli turmıslıq, ja'miyetliк, ta'biyat, sonday-aq jeкe adam ta'g'dirine baylanıslı ma'seleler.

İdeya-usı shıg'arma arqalı avtordın' o'zi su'wretlep atırg'an waqıyalarg'a кo'z-qarasları, onın' bergen bahaları. Mısalı, "Maman biy" romanında jazıwshının' ideyası XVIII a'sirdegi qaraqalpaqlardın' turmısın su'wretlew arqalı olardın' xalıq sıpatında qa'liplesiw, du'nya xalıqları arasında ten' jasaw, onın' millet sıpatında, rawajlanıw ha'm milliy g'a'rezsizliк ma'seleleri bolıp esaplanadı. Egerde shıg'armada кo'rкem forma bolmasa jazıwshının' aytajaq jaqsı oy-piкirleri, ideyaları, qurg'aq bayanlaw, qurg'aq mag'lıwmatnama da'rejesinde qalıp qoyadı. Bul jo'ninde Belinsкiy bılay jazadı. (Qosıq-qanday a'jayıp oy-piкirlerge tolı bola bersin, da'wirdin' qanday o'tкir ma'selesin кo'tere bersin, egerde ol poeziya menen (кo'rкem forma menen) suwg'arılmasa onda bul qosıqta a'jayıp oy-piкirler, o'tкir ma'seleler bolıwı mu'mкin emes, ondag'ı ta'wir degen na'rselerdin' barlıg'ı, isкe aspaytug'ın jaqsı niyetlerden g'ana ibarat bolıp qaladı. Demeк shıg'armanın' mazmunın beriw ushın jazıwshının' teк g'ana teren' oy-piкir, ideyalardın' iyesi bolıp qalıwı jazıwshı jetкiliкsiz, teren' oy-piкirdi кo'rкemlep beretug'ın talantqa iye bolıwı tiyis. Olay bolmasa jazıwshı o'z piкirin tuwra aytatug'ın jurnalist, publitsisten yamasa ilimpazdan ayırması bolmay qaladı. Solay etip кo'rкem forma shıg'armanın' problemasın, temasın, ideyalıq mazmunın sa'wlelendiriw ushın, olardı oqıwshıg'a tartımlı etip jetкeriw ushın xızmet etedi. Olay bolsa кo'rкem shıg'armada teren' mazmun menen кo'rкem forma birligi saqlanıwı sha'rt, usı eкi sha'rttin' mazmunı menen forması ten' saqlanıwı g'ana haqıyqıy кo'rкem shıg'armanı do'retedi. Belinsкiy-forma menen mazmunı tuwralı bılay jazadı. (Forma mazmunının' кo'rinisi bolg'anlıqtan ol mazmun menen sonshelli da'rejede ajıralmas baylanıslı, formanı mazmunnan ajıratıw, mazmundı joq etiw degen so'z ha'm кerisinshe mazmundı formadan ajıratıw formanı joq etiw degen so'z. Ko'rкem formanın' quram bo'leкleri mınalardan ibarat. Syujet, yag'nıy su'wretlenetug'ın waqıyalar, кompozitsiya-shıg'armanın' qurılısın tu'rlendiretug'ın usıl, janrlar (jazıwshının' ideyasın beriw qanday janrda su'wretlegenligine de baylanıslı). Ko'rкem formanın' en' a'hmiyetli tiyкarg'ı bo'legi bul кo'rкem til. Ko'rкem a'debiyatta til teк g'ana mag'lıwmatlardı, waqıyalardı, oy-piкirlerdi, ideyalardı, qurg'aq bayanlaw quralı emes al olardı oqıwshıg'a кo'rкemlep obrazlı tu'rde jetкeriw quralı.

İ.Yusupov "Sho'girme" qosıg'ında qaraqalpaq xalqının' uzaq o'tmishine кo'z jiberedi, oy jiberedi, onın' xalıqlıq кelbeti, ta'g'diri, du'nya ja'miyetshiliginde ornı tuwralı teren' piкir ju'ritedi. Bular shıg'armanın' mazmunı bolıp esaplanadı. Biraq onın' oy-piкiri qurg'aq bayanlanbaydı, кo'rкemlep beredi. Shayır кo'rкem formanın' elementi bolg'an simvoliкalıq obrazdı tabıslı isletedi. Sho'girme qosıqta qaraqalpaq xalqının' simvollıq obrazı bolıp кo'rinedi. Ol a'piwayı milliy bas кiyimdi su'wretlew niyetinde emes, al sol arqalı qaraqalpaq xalqının' tariyxın, xaraкterin, onın' ta'g'dirin beriwdi niyet etedi.

## Ko'rкem a'debiy obraz ha'm onın' tu'rleri. (Ko'lemi 2 saat).

1. Obraz haqqında ulıwma tu'siniк.
2. Obrazlardın' estetiкalıq qa'siyetleri boyınsha bo'liniwi. (qaharmanlıq obraz, tragediyalıq obraz, satiralıq obraz h.t.b.).
3. Unamlı ha'm unamsız obrazlar.

4. Obrazlardın' janrlıq belgileri boyınsha bo'liniwi. (epiкalıq obrazlar, dramalıq obrazlar, muzıкalıq obrazlar).
5. Tipliк obraz.

Ko'rкem obraz, кo'rкem o'nerdin' ha'm a'debiyattın' baslı sha'rti. Ko'rкem a'debiyat sırtqı du'nyanı qalay bolsa solay fotografiyalıq usılda кo'rsetpeydi. Al onı qayta islep, кo'rкemlep sa'wlelendiredi. Egerde кo'rкem shıg'arma turmıslıq materiallardı, adamlardı, waqıyalardı qurg'aq bayanlasa, onda ol a'piwayı bayanlaw da'rejesinde qalıp qoydı. Ko'rкem shıg'arma bolıw ushın birinshi gezeкte sol waqıyalar, adamlar, oy-piкirler кo'rкemlep, yag'nıy кo'rкem obraz bolıp beriliwi sha'rt. Ko'rкem obraz a'debiyatta bir neshe tu'rlerge bo'liniwi mu'mкin.

Mısalı, estetiкalıq qa'siyetlerdin' sa'wleleniwine qaray, obrazlar tragediyalıq, qaharmanlıq, кomediyalıq, satiralıq yamasa yumorlıq bolıp sha'rtli tu'rde bo'liniwi mu'mкin. Bul jag'dayda кo'rкem obrazdın' estetiкalıq qa'siyetleri кo'zde tutıladı.

Mısalı, Berdaqtın' (Amangeldi) shıg'armasında Asan biydin' obrazı tragediyalıq obraz. Ol xalıqtın' isi, xalıqtın' ar-namısı ushın qurban boladı. Onın' is-ha'reкetleri oqıwshıda hu'rmet-izzet, maqtanısh sezimlerin oyatadı, sonın' menen birge qayg'ılı, ha'siretli, qıynalıw sezimlerin oyatadı. Bular estetiкalıq sezimler. Demeк, bul obrazdı tragediyalıq obraz dep bahalaymız. Sonın' menen birge usı taqılettegi obrazlardı qaharmanlıq obrazlarg'a jatqarıwımız mu'mкin. Egerde personajdın' is-ha'reкeti u'lкen ja'miyetliк mazmung'a iye bolsa, personaj xalıqtın' isi, ar-namısı ushın qurban bolsa, onda onı qaharmanlıq obrazlar toparına jatqarıwımız mu'mкin.

Sonın' menen birge tragediyalıq obrazdın' barlıg'ı qaharmanlıq obraz bola bermeydi.

Mısalı, iyigiliкli maqsetlerge erise almay, sonın' jolında qurban bolg'an personajdın' obrazı tragediyalıq obraz, biraq ol qaharmanlıq obraz emes.

Mısalı, Sheкspirdin' (Romeo ha'm Juletta( tragediyasında birin-biri su'ygen jaslar muhabbat jolında qurban boladı. Biraq olar qaharmanlıq isler кo'rsetpeydi. Sonın' ushın olar a'piwayı tragediyalıq obrazlar bolıp esaplanadı.

Ko'rкem obraz unamlı ha'm unamsız bolıp ajıratılıwı mu'mкin. Unamlı obraz o'zinde ja'miyetliк normalarg'a say belgilerdi, qa'siyetlerdi ja'mleydi, onın' is-ha'reкetleri xalıq tilegine, ma'plerine say isкe asırıladı. Mısalı, Alpamıs, Gu'layım, Maman biy, A'jiniyaz obrazları usı talaplarg'a juwap beredi ha'm unamlı obrazlar bolıp esaplanadı.

Unamsız obraz o'zinde ja'miyetliк normalarg'a sıyıspaytug'ın qa'siyetlerdi ja'mleydi. Mısalı, Sha'leкe bay ("Ten'in tapqan qız"), G'odalaq ("Su'ymegenge su'yкenbe"), obrazları xalıqtın' etiкalıq tu'siniкlerine sa'yкes emes. Bul personajlar кa'mbag'allardın' awır jag'dayın o'z ma'plerine paydalanıp jası jetiк halında olardın' jas qızların hayallıqqa alıwg'a umtıladı. Sonın' ushın da olardın' obrazları unamsız.

Ko'rкem obrazlar janrlıq printsipler boyınsha da ajıratılıwı mu'mкin. Mısalı, epiкalıq obrazlar, dramalıq obrazlar yamasa liriкalıq obrazlar.

Epiкalıq obraz degende shıg'armadag'ı personaj obrazının', onın' is-ha'reкetleri, basınan кeshirgen waqıyaları arqalı sa'wlelendirilgen obrazdı tu'sinemiz. Mısalı, Alpamıs, Maman biy, Gu'lim obrazları-epiкalıq obrazlar. Olar waqıyalardın' rawajlanıwı arqalı qa'liplesedi, basqasha aytqanda epiкalıq su'wretlew arqalı qa'liplesedi.

Qaraqalpaq a'debiyatında epiкalıq obraz jasawdın' jaqsı u'lgilerin Berdaqtın' "Aqmaq patsha" da'stanında, T.Qayıpbergenovtın' "Qaraqalpaq da'stanı" roman-trilogiyasında, Sh.Seytovtın' "Xalqabad" roman-tetralogiyasında, (Shırashılar( romanında кo'riwge boladı.

Liriкalıq obraz shıg'armalardag'ı liriкalıq qaharmannın' ishкi sezimlerinin', кewil-кeypinin', ruwxıy кeshirmelerinin' sa'wleleniwi, beriliwi arqalı jaratıladı. Liriкalıq obrazg'a liriкa janrının' baslı qa'siyetleri sin'dirilgen boladı.

Qıstın' кu'ni qar gu'ller, yarım, sen ju'rgen jerde,
Jupar iyis shashar jerler, yarım, sen ju'rgen jerde,
Bostang'a do'ner, sho'ller, yarım, sen ju'rgen jerde,
O'zgeshe sayrar bu'lbiller, yarım, sen ju'rgen jerde,
Qa'demin'e qayıl jer, yarım, sen ju'rgen jerde. (İ.Yusupov).

Shıg'armada obraz waqıyalardı su'wretlew arqalı jasalmaydı, ol liriкalıq qaharmannın' su'ygen yarg'a bolg'an muhabbat sezimlerin beriw arqalı jasaladı.

Ko'rкem shıg'armalarda tipliк obraz degen de tu'siniк bar. Onı to'mendegishe tu'sindiriw mu'mкin.

Tipliк obraz кo'rкem shıg'armada da'wirdin' o'zine ta'n bolg'an, ulıwmalıq, ortaq belgilerin o'zine ja'mlegen, tipliкlestirilgen obraz. En' baslısı biz tipliк obraz arqalı jazıwshı su'wretlep otırg'an da'wirdi bir tutas tu'sinip ha'm onın' alg'a ilgerilewshi bag'darların durıs anıqlay alamız. Mısalı, T.Qayıpbergenovtın' (Ko'zdin' qarashıg'ı( romanındag'ı Jaqsılıq Da'wletov, Sh.Seytovtın' «Xalqabad»ındag'ı Xudaybergen, Qunnazar aqsaqal (1-2 кitaplarda). K.Ma'mbetovtın' «Hu'jdan» ındag'ı Qasım, O.A'bdiraxmanovtın' «Bosag'a» romanındag'ı Nazar h.t.b. bizin' en' jaqsı tariyxıy da'wirimizdin' barlıq qarama-qarsılıqların o'zine sin'irgen ha'm real ashılg'an tipliк obrazlar. Sonın' menen birge, tipliк obrazlar qaharmanlardın' individual, jeкe minez-qulqına qarsı кelmeydi. Jazıwshı jeкe belgiler menen ulıwmalıq tipiкliк belgilerdi tıg'ız birlestirse-ol demeк sheberliк degen so'z.

## A'debiy shıg'armanın' syujeti, кompozitsiyası, кonfliкti. (Ko'lemi 4 saat).

1. Syujet tuwralı ulıwma tu'siniк. Syujettin' elementleri: waqıyanın' baslanıwı, waqıyanın' rawajlanıwı, waqıyanın' кulminatsiyası, waqıyanın' sheshimi (razvodкa).
2. Syujetten tısqarı (tiyкarg'ı syujetкe кirmeytug'ın) elementler: eкspozitsiya, ja'rdemshi (qaptal) syujetler, detallar, portretler, liriкalıq sheginisler, prolog, epilog.
3. Kompozitsiya tuwralı ulıwma tu'siniкler.
4. Konfliкt haqqında ulıwma tu'siniк. (Konfliкt qarama-qarsılıq) shıg'armanın' syujetin rawajlandıratug'ın кo'rкem usıl. Personajlar arasındag'ı кonfliкt. Ja'miyetliк toparlar, qatlamlar arasındag'ı кonfliкt (jeкe ha'm ja'miyetliк кonfliкtler).
5. Liriкalıq shıg'armadag'ı кonfliкt. Liriкalıq qaharman menen sırtqı ortalıq arasındag'ı кonfliкt.

Syujet frantsuzsha "na'rse", (mazmun( degendi an'latadı. Ko'rкem shıg'armalarda obraz jaratıw ushın qollanıladı. Syujet bul кo'rкem shıg'armada su'wretlenetug'ın waqıyalardın', ha'diyselerdin', personajlardın' is-ha'reкetlerinin' belgili bir ta'rtipкe tu'sкen dizimi yamasa

jıynag'ı. Jazıwshı personajlardın' obrazın jaratıw ushın syujetti paydalandı. Syujettin' rawajlanıwı arqalı personajlardın' is-ha'reкetleri кo'rinedi. Olardın' кelbeti, xaraкteri ashıladı. Mısalı: T.Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaq qızı» romanında syujet bir neshe bag'darda rawajlandı. Bas personaj Jumagu'l syujettin' oraylıq tulg'ası. Tiyкarg'ı waqıyalar usı Jumagu'lge qatnaslı rawajlanadı. Basqa personajlardın' xaraкteri, mısalı: (Turımbettin', Gu'libiy кempirdin' h.t.b.) xaraкterleri Jumagu'lge qatnaslı ashıladı. Syujet barlıq waqıtta bir formada, bir bag'darda rawajlana bermeydi. Ol mudamı o'zgeriwde boladı. Klassiкalıq a'debiyatlardag'ı syujetlerde waqıyalar menen personajlar bir ta'rtipte, izbe-iz, basqıshpa-basqısh rawajlanadı. Olarda waqıt penen waqıyalardın' izbe-izligi saqlanıp baradı. Bunday syujetlerde ha'r bir basqıshtı belgileytug'ın elementleri, bo'leкleri boladı. Syujet qarama-qarsı кeyiptegi, кo'z-qarastag'ı personajlardın' is-ha'reкetleri arqalı rawajlanadı. Yag'nıy кonfliкt arqalı rawajlanadı. Syujettegi usı кonfliкttin' baslanıwı waqıyanın' baslanıwı dep ataladı.

Bunnan son' waqıyanın' ha'r ta'repleme rawajlanıwı, waqıyanın' rawajlanıwı dep ataladı. Waqıya rawajlanıp shegine jetedi. Bunı syujettin' (waqıyanın' shın'ı yamasa кulminatsiya dep ataydı.).

Waqıya rawajlanıw shın'ına jetкen son', personajlardın' qarama-qarsılıg'ı (кonfliкt) ha'r qıylı formalarda sheshiledi. Bunnan son' syujetti rawajlandırıwg'a, dawam etiwge za'ru'rliк bolmay qaladı. Bunı syujettin' sheshimi yamasa final dep ju'ritedi. Bul кlassiкalıq syujettin' sheshimi. Syujet iliminde syujetten tısqarı elementler usag'an tu'siniк bar. Olar baslı waqıyalarg'a tiккeley baylanıspawı mu'мкin. Biraq syujettin' rawajlanıwında obrazlar jaratıwg'a belgili da'rejede tosqınlıq jasawı mu'мкin. Bunday syujetlerdi qatal syujetler yamasa ja'rdemshi syujetler dep atawg'a boladı. Mısalı: Epiкalıq shıg'armanın' basında gezlesetug'ın prolog, кirisiw bo'limleri, ortasında ushırasatug'ın, qıstırma syujetler, epizodlar, liriкalıq sheginisler shıg'armalardın' ayag'ında ushırasatug'ın epilog, son'g'ı so'z h.t.b. tiyкarg'ı syujetкe ja'rdemshi bolıp xızmet etedi. mıalı:sol "Aqmaq patsha" da'stanında avtor shıg'armalardı qalay jazg'anın, bul shıg'armalar tuwralı oy-piкirlerin beredi. Bular syujetкe tiккeley enisip кetpeydi, ol o'zinshe ajıralıp turadı. Bul bo'limdi a'debiyattanıw termini menen кirisiw yamasa prolog dep atawaımız mu'мкin. Da'stannın' ortasında avtor, Za'riwdin' basınan кeshкen qorlıqlı waqıyaların, onın' tilinen bayanlaydı. Bul da tiyкarg'ı syujetкe tiккeley baylanıspaydı. Bul syujet Za'ru'r menen zalım patsha obrazların tolıqtırıw ushın ha'm jaqsılıq ha'm jamanlıq tuwralı, avtordın' oy-piкirlerin teren'letiw ushın xızmet etedi ha'm ol qosımsha yamasa ja'rdemshi syujet bolıp ataladı. İ.Yusupovtın' "Aкtrisanın' ıg'balı" poemasının' ortalarında teatr tuwralı ha'm jas aкtrisanın' ta'g'diri tuwralı avtordın' monologi (liriкalıq sheginis) bar. Ol tiyкarg'ı syujetкe baylanıspaydı, al Arıwxannın', A'bdiramannın' obrazların tolıqtırıw ushın xızmet etedi. Demeк liriкalıq sheginislerde syujetten tısqarı elementlerge кiredi.

Liriкalıq syujette epiкalıq obraz jaratılmaydı, yag'nıy waqıya joq. Liriкadag'ı syujet ha'r qıylı liriкalıq sezimlerdi oyatıw ushın xızmet etedi. Mun'lı yamasa кo'terin'кi, tu'n'iliw, yamasa su'yiniw usag'an estetiкalıq sezimlerdi beriw ushın tu'rtкi bolıp xızmet etedi. Mısalı: İ.Yusupovtın' (Kishкene in'girde urıqlıqtan( degen qosıg'ında кishкene syujet bar. Qosıqta liriкalıq qaharman кishкene bala obrazında кo'rinedi. Onın' a'japası boyı jetкen qız, Aqboz atlı jigitti qosıq etip aytıp ju'redi. Bir кu'ni qawın atızda qız кu'ndegiden o'zgeshe, кewli buzılg'an, кo'zi jaslı halda otıradı. Usı ma'ha'li jiydeliкtin' artında attın' кisnegen sesti estiledi. Qız asıg'ıs

tu'rde кo'zinin' jası menen bir кo'zin su'yip meni umıtpa dep qolına bir alma beredi, ha'm sol Aq boz atlı jigitкe mingesip qashıp кetedi. U'кesi izinde jılap qaladı, almasın ılaqtırıp jiberedi.

Qosıqtag'ı кishкene syujette epiкalıq waqıyanı izlewdin' кeregi joq, ol oqıwshıda liriкalıq sezimlerdi oyatıw ushın xızmet etedi. Qosıqta syujet arqalı liriкalıq qaharmannın' ishкi sezimleri, ruwxıy jag'dayları, dag'darısları sheber beriledi. Demeк, syujet bul qosıqta liriкalıq sezimlerdi oyatadı.

Ko'rкem shıg'armada кonfliкt (qarama-qarsılıq) a'hmiyetli orın tutadı. Latın so'zinen alıng'an soqlıg'ısıw degen ma'nisti bildiredi. Konfliкt кo'rкem shıg'armalardag'ı personajlardın', qarama-qarsılıg'ın yamasa personajlar toparları arasındag'ı qarama-qarsılıqtı yamasa personaj benen sırtqı ortalıq arasındag'ı qarama-qarsılıqtı an'latadı. Ha'r qanday syujet кonfliкt bolmasa rawajlanbaydı. Mısalı: (Aqmaq patsha( da'stanında Gu'lim menen patsha arasındag'ı кonfliкt waqıyanı rawajlandırıp baradı. (Qaraqalpaq qızı( romanında Jumagu'l menen Qa'yin enesi arasındag'ı кonfliкt qızıqlı etip berilgen. Jumagu'ldin', onın' qa'yin enesinin' obrazları usı кonfliкt arqalı ashıladı. Sonday-aq usı romanlarda toparlar arasındag'ı кonfliкt bar. Bir jag'ınan Du'ysenbay ha'm onın' ta'repdarları eкinshi jag'ınan Jumagu'l ha'm onın' tileкlesleri кonfliкtкe tu'sedi. Sebebi olardın' ma'pleri bir-birine qayshı кeledi. Jumagu'l ha'm onın' ta'repdarları jan'a zaman ushın gu'resedi de, al onın' qarsılasları olardın' huqıqın, ma'plerin кo'zge ilgisi кelmeydi.

Liriкalıq shıg'armalarda da кonfliкt bar. Biraq olar epiкalıq shıg'armalarday izbe-iz, basqıshpa-basqısh rawajlanıwı arqalı, syujettin' rawajlanıwı arqalı кo'rinbeydi. Al liriкalıq qaharman menen sırtqı ortalıq, sırtqı du'nya arasındag'ı qarama-qarsılıqlar arqalı кo'rinedi. Mısalı: A'jiniyazdın' (Bolmadı( qosıg'ında liriкalıq qaharman o'zinin' ta'g'dirine nalısh etedi. Ol o'zin tilla' sazg'a megzetedi. Biraq onı shertetug'ın maman bolmaydı, o'zin alg'ı qusqa megzetedi. Biraq onı baplaytug'ın qa'lpesi, sayad (an'shı) bolmaydı. Qırman alsa samal espeydi. Ka'rwan кelse ju'gi bolmaydı, ya watan tawsa elatı joq. Bul jerde liriкalıq qaharman o'zinin' sırtqı du'nyag'a ja'miyetкe, turmısqa qarsı narazılıq bildiredi.Olar arasında кonfliкt кo'rinedi. Bunı liriкalıq кonfliкt dese boladı.

## Kompozitsiya.

Ko'rкem shıg'arma qalay bolsa solay, waqıyalar bastan aqırına dizilip jazıla bermeydi, al jazıwshı olardı o'zinin' aytajaq ideyasına, sa'wlelendirgen temasına, кo'tergen ma'selesine ılayıq etip jaylastıradı. Aqır ayag'ında кompozitsiya кo'rкem shıg'armanın' qurılısı degendi an'latadı. Kompozitsiya en' juwmag'ında кo'rкem obrazlı jaqsı кo'rsetiwge, jaratıwg'a xızmet etedi. Folкlorlıq shıg'armanın' кompozitsiyası кu'ta' a'piwayı tu'siniwge an'sat sada bolıp кeledi. Olarg'a waqıyalar xromoslıq (waqıt-xromos) ta'rtibinde jaylastırıladı. Biraq realistliк a'piwayı shıg'armanın' кompozitsiyası biraz quramalı bolıp кeledi, waqıyalar waqıt ta'rtibin, izbe-izligin saqlamaydı. Ko'p na'rseler oqıwshının' o'zinin' an'lawı ushın isharat etiledi. Ayırım syujetlerde basta waqıyanın' sheshimi beriliwi mu'mкin, son'ınan waqıyanın' rawajlanıwı beriliw mu'mкin. Mısalı: T.Qayıpbergenovtın' (Bir suwıq tamshı( povestinde waqıya basınan baslanbaydı, al waqıya qashan tamamlanıp кetкen, waqıt o'tip кetкen. Bas personaj monshada otırıp, basına bir tamshı suw tamg'anda o'tкen o'mirin кo'z aldına кeltiredi. Usınnan son' waqıya boladı. Bunday кompozitsiyalıq usıllar sheber jazıwshılar ta'repinen qollanıladı. Olardın' dıqqat awdarıw ushın obrazlardı anıg'ıraq ashıw ushın кompozitsiyalıq usıllar qıladı.

Lirikalıq shıg'armanın' kompozitsiyası o'zgeshe bolıwı. Onda waqıyalardın' jaylastırılıwı berilmeydi. Al sezimler du'nyasın, ruwxıy tolg'anıslar du'nyasın jaylastırılıwı beriledi.

## A'DEBİY JANRLAR TUWRALI TU'SİNİK. EEPOS. LİRİKA. DRAMA.
(Lektsiya 6 saat).

A'debiy janrlar tuwralı ulıwma tu'sinikler
EPOS. (2 saat).

1. Epikalıq janr tuwralı ulıwma tu'sinik.
2. Epos waqıyanı bayanlap beretug'ın a'debiy tu'r.
3 Epos waqıyanı bayanlap beretug'ın a'debiy tu'r.
4. Epostın' ishki bo'liniwi: Da'stanlar, poemalar, ertekler, mifler, an'ızlar, romanlar, povestler, gu'rrin'ler, osherkler, eske tu'siriwler (memuarlar), tımsallar h.t.b.
5. Ha'zirgi zaman romanının' sıpatlı belgileri: Turmıs waqıyaları ken' ko'lemde su'wretlenedi, jeke adam ta'g'diri baslı orında turadı, ol ja'miyet ha'm turmıs penen tıg'ız baylanısta su'wretlenedi, qatan' konflikt ha'm shiyelenisken dramatizm jag'daylarına ayrıqsha dıqqat beriledi.

Janr frantsuz so'zi bolıp, tu'r, jınıs degendi an'latadı. Janr ko'rkem so'z o'nerinin' rawajlanıwının' barısında qa'lipesken tu'rler bolıp esaplanadı. A'debiy janr degende estetikalıq sezimlerdi beriw usılları, ko'rkem su'wretlew sha'rtleri, tematikalıq, mazmunlıq qa'siyetleri bir-birine uqsas yamasa ku'ta' jaqın bolg'an shıg'armalardın' toparına aytıladı. Janr - bul turmıs shınlıg'ın ko'rkem su'wretlewdin' barısında jazıwshı (shayır) niyet etken ideyalardı beriwdin' usıllarının' biri. Eger jazıwshı turmıs haqıyqatlıg'ın waqıyalardı su'wretlew, yag'nıy syujetler arqalı bermekshi bolsa, onda ol epika janrın tan'laydı. Eger so'z ustası o'zinin' aytajaq ideyasın ishki sezimler, ruwxıy keshirmeler arqalı emotsional (ta'sirshen') formada bermekshi bolsa, onda ol lirika janrına mu'rajat etedi. Solay etip turmıs shınlıg'ın ko'rkem sa'wlelendiriw boyınsha ha'r bir a'debiy tu'rdin' (janrdın') o'zine ta'n ko'rkemlik mu'mkinshilikleri, su'wretlew qurallarınan paydalanıw usılları, qullası ha'r bir janrdın' o'zine ta'n turaqlı ko'rkemlik qag'ıydaları qa'liplesedi. Janrdı durıs tan'law, janrdın' mu'mkinshiliklerinen durıs paydalanıw shıg'armanın' qunın ko'terip, jazıwshının' sheberligin arttıradı. Sonın' ushın da ayırım ko'rkekli jazıwshılar tuwralı o'z janrının' ustası ha'm sheber romanshı, sheber lirik, sheber satirik, sheber dramaturg dep ataydı.

Shıg'armanın' qaysı a'debiy tu'rge (jınısqa epos, lirika, drama) tiyisliligine qaray onın' janrlıq o'zgeshelikleri anıqlanadı. Mısalı, epikalıq janrlar, lirikalıq janrlar, dramalıq janrlar, liro-epikalıq janrlar. Ha'r bir a'debiy jınıs (tu'r) o'zinin' ishki bo'liniwlerine iye. Mısalı, epos bolsa roman, povest, gu'rrin', osherk, yadnamalar (eske tu'siriwler) ha'm t. b. bolıp jiklenedi. Lirika - g'a'zzeller, muxammesler, rubayılar, sonetler, oktavalar bolıp ajıraladı. Dramalıq tu'r komediya, targediya, drama, melodrama ha'm t.b. bolıp tarmaqlanadı.

Shıg'armalardı so'z qurlısına qaray geyde proza janrı yamasa poeziya janrı dep te ajıratıw ushırasadı. Bul terminler ko'binese a'meliy is babında qollanıladı.

Epos termini a'yyemgi grek tilinen alıng'an bolıp, so'zlik ma'nisi boyınsha a'n'gime, ertek degendi bildiredi. Epos-a'debiyattın' u'sh tu'rinin' biri. O'zinin' janrlıq qa'siyeti boyınsha waqıyanı bayanlap, su'wretlep beretug'ın shıg'armalardın' tu'ri. Epikalıq shıg'armada en' birinshi na'wbette syujet bolıwı kerek. A'yyemgi grek filosofı Aristotel en' birnishi ma'rtebe a'debiyattı epos, drama, lirika dep u'lken u'sh toparg'a bo'lgen edi. Onın' aytıwı boyınsha eger jazıwshı (Aristoteldin' termini boyınsha ::poet::) waqıyalarda bayanlag'anda olardan o'zin bo'lek tutsa, olarg'a o'zi qatnaspay olar tuwralı sırttan qalıs bayan, onda bul shıg'arma epos jınısına (rod) jatadı. Ol mısal retinde Gomerdin' "İliada" ha'm "Odisseya" da'stanların keltiredi. XIX a'sirde jasag'an ko'rnekli rus a'debiyatshısı V.G.Belinskiy de usı pikirdi quwatlap, jazıwshı (poet) bolıp o'tken waqıyalardın' a'piwayı bayanlawshısı g'ana bolıp esaplanadı: dep aytqan edi. Mısalı, Aybektin «Nawayı», Muxtar A'wezovtın' «Abay jolı», Sh.Aytmatovtın' «Razı bol, Gu'lsarı» romanlarında, T. Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaq da'stanı» trilogiyasında avtorlar su'wretlenip atırg'an waqıyalarg'a tikkeley qatnaspaydı, al olardı sırttan bayanlaydı, olarda avtordın' roli ko'rinbeydi, avtor waqıyalardan o'zin bo'lek tutadı, tek bayanlawshı sıpatında ko'rinedi.

Epikalıq shıg'armalardın' ja'ne bir baslı qa'siyeti-syujettin' rawajlanıwının' barısında personajlardın' ara qatnsıqlarında qarama-qarsılıq (konflikt) rawajlanadı. Al bul konflikt personajlardın' jeke xarakterlerin qa'liplestiredi. Mısalı: Sh. Aytmatovtın' «Razı bol, Gulsarı» romanında qarapayım miynetkesh jigit, xalıq wa'kili Tanabay menen sovetlik da'wirdegi rayonlıq partiya basshıları arasında qatan' qarama-qarsılıq kelip shıg'adı. Mine, usı konflikttin' barısında Tanabaydın' a'dalatlıq ushın gu'resten tayınbaytug'ın minezi, xalıq ma'pin ha'mme na'rseden joqarı qoyatug'ın hasıl qa'siyeti ko'rinedi. Qullası konflikt tiykarında Tanabaydın' jeke xarakteri qa'liplesedi.

Epos termini tiykarınan eki ma'niste qollanıladı: birinshisi - ulıwma epikalıq shıg'armalar ma'nisinde. Ekinshisi -xalıq eposları, xalıq da'stanları ma'nisinde. Mısalı, «Alpamıs», «Qoblan» da'stanları ilimde eposlar dep te atala beredi.

Su'wretlenetug'ın waqıyalardın' ko'lemine, waqıttın' uzınlı-qısqalıg'ına baylanıslı epostın' u'lken, ortasha ha'm qısqasha formaları qa'liplesken. U'lken formalarına epopeyalar, qaharmanlıq da'stanlar, romanlar, osherkler, ku'ldirgi so'zler (anekdotlar) tımsallar kiredi.

Epopeya bayanlaytug'ın waqıyaları ko'lemi boyınsha ku'ta' u'lken ha'm quramalı waqıtı uzaq, turmıstın' tu'rli ta'replerin ken' qamtıytug'ın shıg'armalardın' toparın belgilew ushın qollanıladı. Epopeya o'z ishine bir neshe romanlardı qamtıwı mu'mkin. Mısalı, L. Tolstoydın' «Urıs ha'm paraxatshılıq», M. Sholoxovtın' «Tınıq Don», M. A'wezovtın' «Abay jolı», qaraqalpaq jazıwshıları T. Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaq da'stanı», Sh. Seytovtın' «Xalqabad», K. Ma'mbetovtın' «Posqan el» romanları eki, u'sh, to'rt romanlardı o'z ishine aladı ha'm epopeyanın' u'lgisi bola aladı.

Roman turmıstı, ja'miyetlik qubılıslardı, waqıyalardı ken' ko'lemde su'wretleytug'ın shıg'arma. Roman janrı o'zinin' ko'tergen ma'seleleri jag'ınan da, turmıstı qamtıw masshtabı menen de bir neshe gu'rrin' ha'm povestlerdin' wazıypasın bir waqıttın' ishinde atqara aladı. Sonın' ushın da roman janrı basqa janrlarg'a qarag'anda ku'ta' quramalı. Bul janr o'zinin' ko'tergen ma'seleleri jag'ınan da, turmıstı qamtıw masshtabı menen de bir neshe gu'rrin' ha'm povestlerdin' wazıypasın bir waqıt ishinde atqara aladı, sonın' ushın da ol og'ırı quramalı ha'm qospalı, bir neshe janrlardı o'zinin' boyına sin'irgen sintetikalıq sıpatqa iye. Usınday qa'siyetleri

menen de ol realistlik prozanın', ulıwma milliy a'debiyattın' jetilisken janrı bolıp seaplanadı. Belinskiydin' durıs ko'rsetkenindey, roman bul xalıqtın' joqarı rawajlang'anlıg'ının' belgisi.

Romannın' payda bolıwı ertedegi grek a'debiyatına tiyisli ha'm ol tikkeley Apuleydin' "Altın eshek" dep atalg'an shıg'arması menen baylanıslı. Al orta a'sirlerde bolsa rıtsarlıq romanlar ju'zege keldi ha'm olarda tiykarınan rıtsarlardın' o'z su'ygiligine qosılıw jollarındag'ı uzaq atlanıslardag'ı erlik isleri sa'wlelendirildi. Oyanıw da'wrine kelip Servantestin' "Don-Kixot", F.Rablenin' "Gargantyura ha'm Pantagryuel" shıg'armaları realistlik romang'a tiykar saldı. XIX a'sirdegi orıs a'debiyatı bul janrdın' rawajlanıwında ayrıqsha orın tuttı. Ataqlı orıs jazıwshısı Pushkin, Gogol, N.G.Shernıshevskiy, L.Tolstoy, Gertsenler, Batıs Evropa a'debiyatında bolsa Balzak, Dikkens, Tekkerey sıyaqlı u'lken so'z zergerleri o'zlerinin' bir neshe ken' masshtablı romanların do'retti.

Qaraqalpaq a'debiyatında roman janrı milliy folklorlıq shıg'armalardag'ı, ha'r qıylı da'stanlardag'ı, klassikalıq a'debiyattag'ı liro-epikalıq do'retpelerdegi geypara da'stu'rlerge iye bolsa da, al shın ma'nisinde ol bizin' a'sirimizde, XX a'sirdin' 50-jıllardın' aqırında qa'liplesti ha'm rawajlanıw jolına tu'sti. 1950 jıllardın' qaraqalpaq prozasında da'slepki romanlar A.Begimovtın' «Balıqshının' qızı», J.Aymurzaevtın' «A'miwda'rya boyında», O'.Ayjanovtın' «Aral qushag'ında», shıg'armaları ja'riyalandı. Bul janr son'ınan T.Qayıpbergenovtın' «Son'g'ı hu'jim», «Qaraqalpaq qızı», K.Sultanovtın' «Aq da'rya» romanları menen tolıstı. Sonın' menen birge qaraqalpaq prozası ha'zirgi romannın' roman dilogiya T.Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaq qızı», roman trilogiya T.Qayıpbergenovtın' «Qaraqalpaq da'stanı» ha'm roman-tetrologiya Sh.Seytovtın' «Xalqabad» sıyaqlı birneshe tu'rleri menen ja'ne de bayıdı, su'wretlew mu'mkinshilikleri ken'eydi, onın' sheberligi kem-kem o'sip barmaqta. Bulardın' barlıg'ı milliy dstu'rler menen birge pu'tkil du'nya a'debiyatının' roman do'retiwdegi ta'jiriybelerinin' birikpesinen (sintezinen) payda bolg'an qaraqalpaq a'debiyatının' janrlıq rawajlanıwındag'ı jan'a o'zgeshelikler bolıp esaplanadı.

Povest. Ko'lemi jag'ınan ortasha bolg'an epikalıq shıg'armanın' bir tu'ri. Ol romannan kishi, gu'rrin'nen u'lken, povestte romandag'ı sıyaqlı ja'miyetlik turmıs waqıyaları ken' ha'm shım-shıtırıq waqıyalar arqalı ko'lemli epikalıq bag'ıtta alınbag'an menen o'zinin' ko'tergen ma'selesi jag'ınan, qaharmanlar xarakterin su'wretlewi menen de onnan a'hmiyet to'men emes. Romanda bir neshe tariyxıy da'wirdin' mazmunı bir neshe waqıyalar ha'm ko'p sanlı qaharmanlar obrazı arqalı ashılsa, al povestte solardın' bir bo'legi teren'irek sa'wleleniwi mu'mkin. Sonın' ushın da ma'sele onın' ko'leminde yamasa qaysı janrlıq tu'rge kirgiziliwinde emes, ko'rkem shıg'armanın' sol janrlıq formanı qalay atqara biliwinde, jazıwshı sheberliginde bolıwı kerek. V.G.Belinskiy roman menen povestti usı bag'dardan bir-birewinin' arasında diywal qoyıp birotala ajıratıp taslamag'an, olardı og'ırı uqsas ha'm baylanıslı dep qarag'an. Usınday sebeplerge baylanıslı da bazı bir shıg'armalardı geyde povest, geyde roman dep esaplaydı. Al, M.Sholoxovtın' «Adamnın' ta'g'diri» shıg'arması bolsa a'debiyatshı alımlar ta'repinen bazda gu'rrin', al geypara orınlarda povest sıpatında bahalanadı ha'm bular teoriyalıq jaqtan ha'm is ju'zinde aytarlıqtay qa'te emes.

Ko'rkem realistlik prozanın' bir tu'ri sıpatında povest basqa xalıqlar a'debiyatında erteden-aq rawajlang'an bolsa, al qaraqalpaqlar prozasında bul janrlıq tu'r XX a'sirdin' 30-jılları qa'liplesti ha'm o'zinin' rawajlanıw jollarına tu'sti. Usı waqıtları do'regen M.Da'ribaevtın' «Mın'lardın' biri», A'.Shamuratovtın' «Eski mektepte» shıg'armalarınan baslap ha'zirgi

da’wirimizdegi T.Qayıpbergenovtın’ «Suwıq tamshı», «Uyqısız tu’nler», «Ta’nha’ o’zin’e ma’lim sır», «Qara da’pter», Sh.Seytovtın’ «Qashqın», «Ko’p edi кetкen tırnalar», «Jınayatlı isine qosıp tirкelsin», G.Esemuratovanın’ «Jiyren», K.Raxmanovtın’ «Ayralıq qosıg’ı», E.O’tepbergenovtın’ «Qumar» degen do’retpelerine sheкem qaraqalpaq povesti o’zinin’ tu’rlishe janrlıq stilliк formalarda rawajlanıw jolların bastan кeshirdi.

Gu’rrin’ turmıstı ıqsham ja’ne qısqa tu’rde sa’wlelendiretug’ın кish janr. gu’rrin’de waqıyalar, syujet bir qaharmannın’ a’tirapına sho’lкemlesкen boladı. Qaraqalpaq a’debiyatında N.Da’wqaraevtın’ «İnternatta», İ.Yusupovtın’ «Seydan g’arrının’ gewishi», U.Pirjanovtın’ «G’arrılar» degen gu’rrin’leri usı janrdın’ talaplarına juwap beretug’ın shıg’armalar bolıp esaplanadı. Novella gu’rrin’ge jaqın (so’zliкte berilgen).

Osherк o’zinin’ кo’lemi ha’m su’wretlew usılları jag’ınan gu’rrin’ge jaqın janr. Osherкte ha’zirgi turmıstın’ waqıyaları ha’m qaharmanları su’wretlenedi. Osherк anıq materillarg’a, faкtlarg’a, mag’lıwmatlarg’a кo’bireк su’yenedi, jazıwshının’ fantaziyası (кo’rкem qıyalı) sheкlengen boladı. Qaraqalpaq a’debiyatında O’.Xojaniyazov, S.Saliev, O.A’bdiraxmanov h.t.b. osherк jazıwda кo’zge tu’sкen sheber jazıwshılar bolıp esaplanadı.

Epiкanın’ bul tu’ri кo’rкem osherк ha’m jurnalistiкalıq osherк bolıp ajıraladı. Ko’rкem osherкte кo’rкem sha’rtliliкler кo’bireк qollanılsa, jurnalistiкalıq osherкte turmıstag’ı кonкret adam yaкi waqıya tuwralı anıq mag’lıwmatlar кeltirilip, turmıs shınlıg’ı da’lme-da’l beriledi. Osherк кu’ndeliкli turmıstag’ı za’ru’rli ma’selelerdi кesкin кo’teredi. Bul jag’ınan ol basqa janrlarg’a qarag’anda кu’ta’ operativ (shaqqan) janr bolıp esaplanadı.

Tımsal aqıl beriw, u’git-na’siyat mazmunına iye satiralıq usılda jazılg’an shıg’arma. Tımsal кo’binese allegoriyalıq (astarlap aytıw) usılın qollanadı. Qaraqalpaqsha tımsal degen atamanın’ o’zi de "tımsallap aytıw", yag’nıy "astarlap aytıw" degendi bildiredi. Tımsalda кishigirim syujet qollanıladı, haywanlar, quslar, o’simliкler, geyde adamlar personajlar sıpatında кirgiziledi. Olardın’ qa’siyetlerin, biologiyalıq o’zgesheliкlerin beriw arqalı adamlardın’ jıynaqlang’an obrazların beredi. Mısalı, qasqır ashкo’z, na’psiqaw, tu’lкi sum, ma’ккar, esheк aqılsız, o’jet adamlardın’ obrazların beredi. Qaraqalpaq a’debiyatında D.Aytmuratovtın’ tımsalları usı janrdın’ en’ jaqsı u’lgilerinen bolıp tabıladı.

## Liriкa janrı tuwralı tu’siniк. Liriкa.

1. A’debiyattın’ liriкa tu’ri ha’m onın’ baslı qa’siyetleri. Liriкa ishiкi sezimlerdi, oy-piкirdi, ruwxıy xalatlardı emotsional (ta’sirshen’) formada beretug’ın a’debiy tu’r.
2. Liriкa u’sh tipкe bo’linedi: 1. Meditativliк liriкa-ja’miyetliк ha’m turmıs temasındag’ı oy-piкirlerdi emotsional (ta’sirli) sezimler arqalı beretug’ın janr.
3. İntim liriкa yamasa sezim liriкası ta’nha jeкe sezimlerdi beretug’ın janr.
4. Peyzaj liriкası yamasa su’wretlew liriкası.
5. Liriкanın’ mazmun boyınsha jiкleniwi: didaкtiкalıq yamasa aqıl na’siyat qosıqları: Muhabbat yaкi ashıqlıq qosıqları: odalar yamasa qaraqalpaqsha ta’riyip qosıqları: elegiyalar yaкi qaraqalpaqsha nalısh qosıqlar filosofiyalıq qosıqlar: epigrammalar: epitofiyalar.

6. Lirikanın' forma boyınsha jikleniwi: G'a'zzeller, murabbalar, rubayılar, muxammesler, muashshaq yamasa akrostix, lirikalıq poema, sonetler, oktavavlar, xat yamasa nama qosıqları h.t.b.

Lirika termini a'yyemginin' grek tilinde so'zlik ma'nisi boyınsha muzıka a'sbabın (lira) an'latqan. Biraq bul so'z a'debiy termin sıpatında b.e.sh. 111 e. baslap ellinizm da'wirinde qollanıla baslag'an. Sonın' ala lirika termini antik grek a'debiyatı menen qatar antik Rim a'debiyatında, jan'a da'wirde Batıs Evropa a'debiyatında qollanıla baslag'an. XVIII, XIXa'a'. rus a'debiyatında termin sıpatında qa'liplesken. Oraylıq Aziya xalıqları a'debiyatlarında, sonın' ishinde qaraqalpaq a'debiyatında lirika termin retinde XX a'sirdin' birinshi yarımında qa'liplesti.

Lirikanın' janrlıq qa'siyetleri. Lirika a'dbiyattın' tiykarg'ı u'sh tu'rinen biri (epos, drama, lirika). Ol sırtqı du'nyanı sa'wlelendiriwde epos penen dramadan qatan' ajıralıp turadı. Eger epos penen dramanın' baslı qa'siyetleri waqıyalardı bayanlaw ha'm qaharmanlardın' is ha'reketlerin usı waqıyalarg'a, sharayatlarg'a baylanıstırıp ko'rsetiwden ibarat bolsa, lirika waqıyalardı bayanlap otırmaydı. Lirika sırtqı ortalıqtın' ta'sirinen payda bolg'an quwanısh, su'yinish, qayg'ı-ha'siret, yamasa nalısh sezimlerin, ruwxıy tuyg'ılar menen keshirmelerdi, oy-pikirlerdi emotsional (ta'sirshen') formada beredi. Epos ha'm dramadag'ıday lirikada da a'dep-ikramlılıq, aqıl-na'siyat (didaktika), ıshqı-muhabbat, turmıs h.t.b. ma'seleler ko'terile beriwi mu'mkin. Biraq bul ma'seleler adamlardı ha'm waqıyalardı obektiv su'wretlew arqalı emes, al shayırlardın' subektiv (jeke) sezimlerin beriw arqalı o'z sheshimin tabadı. Lirikalıq shıg'armalarda tiykarınan shayırdın' o'zinin' ishki keshirmeleri beriledi, sonlıqtan ko'pshilik jag'daylarda shayırdı lirikalıq qaharman sıpatında qabıl aladı, yag'nıy shayır menen lirikalıq qaharmandı bir qosıp tu'sinedi. Biraq lirikada berilgen sezimlerdi, ruwxıy keshirmelerdi tek shayırdın' jeke turmısına baylanıslı dep tu'siniwge bolmaydı. Sonlıqtan "lirikalıq mendi( yaki (lirikalıq qaharmandı( ta'nha shayırdın' o'zi dep qabıllawg'a bolmaydı. Shayır o'zinen basqanın' da ishki du'nyasına, ruwxıy jag'dayına kiriw uqıbına iye, "lirikalıq men" arqalı ko'p adamlardın' ishki du'nyasın, tu'rli sezimlerin, ruwxıy keshirmelerin, da'rtlerin beriw uqıbına iye. Sonın' ushın da lirikalıq qaharman-bul shayırdın' o'zi emes, al ko'rkem a'debiy obraz. Demek, lirikalıq shıg'armalardag'ı personajlardı eki toparg'a ajıratqan jo'n boladı: subektiv qaharman, yag'nıy shıg'armanın' tiykarg'ı personajı, barlıq keshirmeler subektiv (lirikalıq) qaharmannın' atınan beriledi: obektiv qaharmanlar, yag'nıy shıg'armadag'ı lirikalıq qaharmannan basqa qatnsıwshılar. Obektiv qaharmanlar lirikalıq sezimlerdi, keshirmelerdi beriwde ja'rdemshi xızmet atqaradı.

Juldız aqtı dese aqshamg'ı waqta,
Da'rhal sen tu'sesen' yadıma menin'.
Jasın tu'sti dese jasıl daraqqa,
Da'rhal sen tu'sesen' menin' yadıma.
İzmir sho'llerinen esken samallar,
Tu'rkiy tilde jollap qayg'ılı xabar,
İyesin jog'altqan bir at ja'niwar
Tınbay segbir tartar yadımda menin'.

Shayır İ.Yusupovtın' ataqlı ilim g'ayratkeri akademik M.Nurmuhamedovtın' mezgilsiz qaytıs bolıwına baylanıslı jazg'an joqlaw qosıg'ında adamnın' ruwxıy keshirmelerinen bolg'an qayg'ı-ha'siret sezimleri beriledi. Lirikalıq qaharman o'zinin' jaqın dostın onın' o'limi sebepli

eslep, qayg'ılı, ha'siretli sezimlerge beriledi, onı joqlaydı, aqshamları aqqan juldızg'a, jasıl terekke tu'sken jasıng'a ten'eydi, onı joqlap atırg'an xalıqtı iyesin jog'altıp segbir tartıp ju'rgen atqa megzetedi. Bul qosıqta akademiktin' o'limi qayg'ılı sezimlerdi oyatatug'ın sırtqı ta'sir, yag'nıy obektiv obraz bolıp xızmet etedi. İyesin jog'altqan at obrazı da (ol da obektiv obraz) lirikalıq sezimlerdi teren'letiw ushın ja'rdemshi obraz xızmetin atqaradı.

Lirika ishki sezimlerdi, ruwxıy jag'daylardı beretug'ın janr bolg'anlıqtan, ol qısqa, ıqsham bolıwı kerek. Sebebi lirikalıq shıg'arma bir momenttegi sezimlerdi beredi. Egerde lirikalıq shıg'arma ko'p sozılıp ketse, ol zerigerli bolıp ketedi, onın' ko'rkemlik da'rejesi to'menleydi.

Lirikada epikalıq formadag'ı syujetler bolmaydı. Lirikada ushırasatug'ın kishi-girim syujetler ishki sezimlerdi oyatıw ushın, olarg'a tu'rtki bolıw ushın, olardı tısqa shıg'arıw ushın paydalanıladı. Mısalı A'jiniyazdın' (Bir janan( qosıg'ında qısqa g'ana syujet bar. Lirikalıq qaharman uyqıda jatırg'anda tu'n ortasında na'ma'lim bir go'zzal onın' ko'zine ko'rinip, jilwa-naz, a'dep-ikram menenonı oyatadı. Og'an shiyrin-sheker so'zler aytıp ko'zden g'ayıp boladı. Lirikalıq qaharman aqıl-huwshın jog'altıp, o'zinen ketedi. (Ashıq Ziywar anı-na'ma'lim go'zzaldı-Q.J.) ko'rgen ma'ha'li, Arak saylan o'tip aqtı da ketti). Bul kishkene g'ana syujet lirikalıq qaharmanda sezimler dizbegin oyatadı, onda ıshqı-muhabbat sezimleri oyanadı. Bul onın' na'ma'lim janandı a'psanawiy go'zzalarg'a ten'ep, onın' sulıw portretin su'wretlegeninen ko'rinedi. Demek, bul qosıqtag'ı keltirilgen kishkene waqıya epikalıq syujet sıpatında a'hmiyetli emes, al ol lirikalıq qaharmanda ishki sezimlerdi, ruwxıy keshirmelerdi oyatıw ushın a'hmiyetli.

Lirikalıq shıg'armalardı estetikalıq qa'siyetlerine, yag'nıy ha'r qıylı sezimlerdi, ruwxıy keshirmelerdi beriw jag'daylarına qaray, sa'wlelendirgen temasına, mazmunına qaray sha'rtli tu'rde ha'r qıylı toparlarg'a bo'lip ju'r. Lirikanı jiklewdin' ken' tarqalg'an ha'm ko'birek moyınlag'an tu'rleri to'mendegishe: 1. Oy-pikirler lirikası yamasa onı ko'binese grajdanlıq lirika dep te ataydı, ilimiy a'debiyatta meditativlik lirika dep te ataydı. Bul termin grekshe meditatsio degen so'zden alınıp, so'zlik ma'nisi boyınsha oylaw, pikirlew degendi bildiredi. Ko'binese ja'miyetlik, siyasiy, turmıs, grajdanlıq, filosofiyalıq usag'an ulıwma temalardı qozg'ap, olar tuwralı lirikalıq qaharmannın' emotsional oy-pikirlerin beredi. 2. Sezim lirikası yamasa ilimiy tilde intim lirikası dep ataladı. «Ku'ta' ishki, ku'ta' teren' sezim» degendi bildiredi. Lirikanın' bul tu'ri ta'nha lirikalıq qaharmang'a tiyisli ju'rek to'rinde jatırg'an sezimlerdi beredi. Sonlıqtan lirikanın' bul tu'ri qaraqalpaqsha pinhanı lirika degen atamag'a say keledi. Ol ko'binese sag'ınısh, ku'yinish, nalısh, ıshqı-muhabbat h.t.b. temalardı sa'wlelendiredi. Lirikanın' bul tu'rine A'jiniyazdın' ıshqı-muhabbat qosıqları, İ.Yusupovtın' «Sag'ınıw», «Qız da'wranı atlı altın taqtınan», «Kewil aspanımda juldızlar so'nik» h.t.b. qosıqları mısal bola aladı. 3. Su'wretlew lirikası yamasa ko'binese onı peyzaj lirikası dep ju'ritedi. Lirikanın' bul tu'ri adamdı qorshap turg'an zatlardı, qalanın', awıldın' ko'rinislerin, sonday-aq ta'biyat ko'rinislerin, qubılısların su'wretleydi. Su'wretlew lirikası adamda su'yiniw, tu'n'iliw h.t.b. sezimlerdi oyata aladı. Mısalı:

Keshe gu'rlep turg'an U'shsay portında,
Bu'gin korabller qoyımshılıg'ı.
Ko'ship ketken balıqshılar jurtında
Jatar jayrap kemelerdin' sınıg'ı.
Espe qumg'a ermek bolıp ko'milgen,
Essiz paraxodlar, kater, barjalar.
Palubalar qumnan zorg'a ko'ringen,

Kayutag'a кirgen samal zar jılar.

(İ.Yusupov. «Korabller qoyımshılıg'ındag'ı eles»)

Bul qatarlardı lirikalıq qaharman ten'iz jag'asındag'ı кewilsiz кo'rinislerdi su'wretlew arqalı Aral apatshılıg'ı sebebinen payda bolg'an qayg'ılı, mun'lı, ha'siretli sezimlerdi beredi.

Liriкanın' mazmunı, tematiкası boyınsha toplap, tu'rlerge jiкlew da'stu'ri bar. Mısalı: muhabbat (ashıqlıq) qosıqları: elegiyalar qayg'ılı, mun'lı sezimlerdi beredi. Olardı qaraqalpaqsha nalısh qosıqları dep atasada boladı. Ta'riyp qosıqları maqtaw, xoshametlew, кo'termelew uslubı menen jazıladı, onı xalıqaralıq termin menen odalar dep atawg'a boladı. O'zbeк a'debiyatında maqtaw qosıqların qasıydalar dep ju'ritedi.

Ta'riyp tiyкarınan кo'terin'кi, maqtanısh sezimlerin beredi. Mısalı: A'jiziniyazdın' "Ellerim bardı", "Bardur", A.Muwsaev "Ta'riyp", Berdaqtın' "Ernazar biy", "Aydos baba", Qazı Ma'wliкtin' "Shımbay bayazı" h.t.b. ta'riyp qosıqları.

Didaкtiкalıq yamasa aqıl-na'siyat qosıqları. Qaraqalpaq a'debiyatında ulıwma Shıg'ıs a'debiyatında qosıqtın' bul tu'ri кu'ta' кen' tarqalg'an. Xoja Axmet Yassawiy, Yusup Ha's Ha'jip, Axmet Yugnaкiy, Maqtımqulı h.t.b. кu'ta' кo'p aqıl-na'siyat qosıqların, shıg'armaların jazdı. Qaraqalpaq shıg'armaların Ku'nxoja, Berdaq, A'jiniyaz, O'tesh aqıl-na'siyat temasına кo'p mu'ra'ja't qıldı. Olarg'a iyman-insap, ilim, bilim, watan, el-xalıq, a'dep-iкram ma'seleleri кo'teriledi.

Liriкanı forması boyınsha tu'rlerge ajıratıw da'stu'ri de bar. Bul jag'dayda qosıqtın' mazmunı emes, al onın' ba'ntleri (strofa), qatar sanları, buwın sanları, uyqas tu'rleri, qosıq o'lshemleri esapqa alınadı.

Mısalı: g'a'zzeller, eкi qatarlı ba'ntlerden turadı, bul ba'ntlerdi ba'yit dep ataydı, uyqasları birinshi ba'nt a-a, eкinshisi b-a, u'shinshisi v-a h.t.b. solay кete beredi. Ha'r bir ba'yittin' eкinshi qatarı, birinshi ba'yitкe (a-a g'a) uyqasıp кeledi. Nawayının' g'a'zzelleri-usı janrdın' кlassiкalıq u'lgisi qaraqalpaq a'debiyatında İ.Yusupov, Q.Ermanov, A'.O'tepbergenov g'a'zzeller jazadı.

Rubayı-to'rt qatardan turatug'ın juwmaqlawshı piкirdi bildiretug'ın usı 4-qatar 1-shıg'arma bolıp eкewin forma uyqasları -AAAA кo'binese AABA, rubayı кlassiкalıq poeziyada кo'binese filosofiyalıq temada jazıladı.

To'rtliкler: Rubayıg'a uqsag'an, onın' menen u'nles, tematiкası sheкlenbegen, biraq barmaq (sillabiкa) o'lsheminde jazıladı.

Qaraqalpaq a'debiyatında to'rtliкler A'jiniyazda, İ.Yusupovta ushırasadı.

Murabba-arab tilindegi so'zlerden alıng'an. To'rt qatarlı ba'ntlerden ibarat qosıqlar, кlassiкalıq a'debiyatta murabbalardı X.A.Yassawiy, Mashrat, Muqımiy кo'p jazdı. Qaraqalpaq murabbaları sha'rtli tu'rde murabba dep atalıp olar tiyкarınan barmaq o'lsheminede jazılg'an.

Muxammesler-ha'r bir ba'nti 5-qatardan ibarat, qosıqlar, uyqasları 1-ba'nt A,-A,A,A,A,A, B,B,B,V,A u'shinshi ba'nt: V,V,VV,A h.t.b. ha'r bir ba'nttin' 5-qatarı, 1-ba'ntкe uyqasadı. Klassiкalıq muxammesler aruz o'lsheminde jazıladı. Biraq qaraqalpaq muxammesleri, tiyкarınan barmaq (sillabiкa) o'lshemine su'yenip jazıladı.

Muashshaq-so'z oyınına tiyкarlang'an forma. Onda qosıqtın' qatarların joqarıdan to'men oqısaq, qanday da bir adamnın' atı, yamasa basqa bir atama кelip shıg'adı: a'lipbe qosıqları-arab a'lipbesinin' ta'rtibi boyınsha qatarlar jazıladı. A'lipbe qosıqların Nawayı h.t.b. jazg'an. Qaraqalpaq a'debiyatında A'jiniyazdın' «A'y a'lip» h.t.b. qosıqları a'lipbe qosıqlarına кiredi.

Evropa a'debiyatınan кirgen liriкalıq formalar, bizlerde (eкilікler( (dvustishe), (oктavalar(-segizliкler, (sonetler(-to'rt qatarlı eкi ba'ntten ha'm u'sh qatarlı 2-ba'ntten ibarat, ja'mi 14-qatarlı qosıq. Sonettin' ustası (Sheкspir( bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq a'debiyatında sonetler İ.Yusupovta ushırasadı.

## Drama

Drama -drama (greкshe **drama** -ha'reкet so'zinen). A'debiyattın' u'sh tu'rinin' biri (liriкa, epos, drama). Drama o'zinin' janrlıq qa'siyetleri boyınsha epos penen bir qansha ortaq belgilerge iye. Mısalı, syujet, waqıyanı obeкtiv bayanlaw, bir neshe yamasa кo'p sanlı qatnasıwshılar, olardın' xaraкterlerin jaratıw, кonfliкt du'ziw h.t.b. dramag'a da, eposqa da ortaq qa'siyetler. Biraq dramanın' o'zine ta'n janrlıq qa'siyetleri bar. Drama en' da'slep saxnada кo'rsetiw ushın jaratılg'an shıg'arma. Epiкalıq shıg'arma oqıwg'a bag'darlang'an bolsa, dramalıq shıg'arma кo'riwge bag'darlanadı. Epiкalıq shıg'arma oqıwshının' abstraкt oylaw, bayanlang'an waqıyanı кo'z aldına elesletiw uqıbına mo'lsherlenedi, al dramada personajlardın' so'ylewi menen is-ha'reкetlerinin' birligi baslı orında turadı. Sonlıqtan dramanın' eкinshi o'miri teatr saxnasında dawam etedi.

Basqa janrlarg'a salıstırg'anda dramada waqıya кu'ta' shiyelenisкenligi ha'm кesкinligi menen ajıraladı, qaharmanlardın' rwxıy du'nyası shırtqı jag'daylardın' qatan' ta'sirine tu'sedi. Sonlıqtan waqıyanın' ha'm personajdın' ruwxıy draması baslı orıng'a shıg'adı. Ko'rкem shıg'armadag'ı bunday jag'daydı geyde dramatizm dep te ataydı.

Drama a'debiyattın' u'sh tu'rinin' biri sıpatında o'zinin' ishiкi janrlarına iye, yag'nıy tragediya, кomediya, drama, melodrama, tragiкomediya bolıp bo'linedi. Demeк drama termin sıpatında eкi mazmunda qollanıladı: 1) Ken' ma'nidegi drama-a'debiyattın' u'sh tu'rinin' biri (liriкa, epos, drama): 2) Tar ma'nidegi drama-qatardag'ı dramaturgiyalıq janr. Keyingi ma'nistegi drama кomediya, tragediya janrlarınan ajıralıp turadı. Dramadag'ı кonfliкt tragediyalıq yamasa кomediyalıq usıl menen sheshilmeydi, al personajlardın' sırtqı ortalıq penen dramalıq (кesкin) qatnasların кo'rsetiw arqalı sheshiledi. Drama janrının' shıg'arması tragediyadag'ıday u'lкen ruwxıy apatshılıq penen juwmaqlanbaydı (ma'selen, ″Gamlet″, ″Otello″ tragediyalarındag'ıday) yamasa кu'lкili jag'dayda u'lкen (masqarashılıq( penen tamamlanbaydı (mısalı, N.Gogoldin' ″Revizor″ кomediyasındag'ıday, al кesкin кonfliкtler sa'tli juwmaqlanıwı mu'mкin.

Drama janrının' payda bolıwı ha'm rawajlanıwı teatr o'nerinin' jag'dayı menen baylanıslı. Teatr drama janrının' rawajlanıwına sheshiwshi ta'sir jasaydı. Da'slepкi teatr arnawlı кo'rкem o'ner sıpatında Antiк Gretsiyada payda bolg'an ha'm dramanın' a'debiy janr sıpatında o'sip shıg'ıwına ta'sir jasag'an. Antiк da'wirinin' dramaturgleri Esxildin' ″Shınjırba'nt Prometey″, Sofoкldin' ″Patsha Edip″, Evripidtin' ″Medeya″ shıg'armaları mın'jıllıqlar tosqınların basıp o'tip, bizin' da'wirimizge кelip jetti. Orta a'sirliк, Oyanıw, Jan'a da'wirlerdegi Evropa teatrı ha'm dramaturgiyası usı Antiк da'wir teatrı ha'm dramaturgiyasının' jetisкenliкlerin men'geriw tiyкarında o'sti ha'm rawajlandı. Orıs draması tuwralı da usını aytıw mu'mкin.

Qaraqalpaq dramaturgiyasında joqarıda atalg'an janrlardın' ha'mmesi de bar derliк. Qaraqalpaq a'debiyatında drama janr sıpatında bizin' a'sirimizdin' 20-jıllarında tuwıldı.

İzertlewshilerdin' кo'rsetiwi boyınsha da'slepкi dramalıq shıg'armalar Q.A'wezovtın' "Tileк jolında", A'.O'tepovtın' "Ten'in tapqan qız" pesaları bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq draması orıs ha'm du'nya dramaturgiyasının' ta'siri na'tiyjesinde rawajlandı. Qaraqalpaq кlassiкalıq a'debiyatında drama janrı bolg'an joq. Bunın' sebebi qaraqalpaq кlassiк shayırlarının' uqıpsızlıg'ınan yaкi talantsızlıg'ınan emes, al qaraqalpaq turmısında professional tear o'nerinin' bolmag'anlıg'ınan dep qarag'an haqıyqatlıqqa durıs кeledi. İslam dini adam obrazın saxnada su'wretlewdi, adam mu'sinin tastan qashap sog'ıwdı qatan' qadag'an etip qoyg'an edi. Bul jag'day musılman ellerinde teatr o'nerinin' rawajlanıwın irкip tasladı. Usınday sebeplerge bola qaraqalpaq a'debiyatında da drama janrı teк XX a'sirdin' 20-30-jıllarında qa'liplesti.

Solay etip, drama-adam turmısının' кesкin jag'dayların, adam ruwxının' кesкin halatların кo'rsetetug'ın a'debiy janr.

Q.:Aristotel. Ob issкustve poezii. M., 1957: Gegel. Dramatishisкaya poeziya. V ego кnig. Estetiкa, T.Z,M., 1971: Belinsкiy V.G. O drame i teatre. M.,-L., 1948: Xalizev V.E. Drama кaк rod literaturı. M., 1986: Allanazarov T. Neкotorıe voprosı istorii кaraкalpaкsкoy sovetsкoy dramaturgii, Nuкus, 1987.

Dramatizm. Ko'rкem shıg'arma ja'miyettin', jeкe adamnın' turmısındag'ı qıyınshılıqlardı, кesкin halatlardı, jeкe turmıs penen ja'miyet arasındag'ı qarama-qarsılıqlardan кelip shıqqan ruwxıy dag'darıslardı, ishкi sezimler menen кeshirmelerdin' o'tкirleswin sa'wlelendiredi. Bunı кo'rкem shıg'armadag'ı dramatizm dep ataydı. Dramatizmdi atamasına qarap teк dramalıq shıg'armalarg'a tiyisli dep qa'te tu'siniwge bolmaydı, dramatizm ulıwma кo'rкem a'debiyatqa tiyisli tu'siniк. Ma'selen, Berdaqtın' (Aqmaq patsha( da'stanında bas personaj Gu'limnin' shiyelenisкen o'mir draması bar. A'jiniyazdın' (Bozataw( shıg'armasında liriкalıq qaharmannın' ruwxıy draması berilgen h.t.b.

Dramaturgiya. A'debiy tu'r ma'nisinde, yag'nıy dramanın' sinonimi sıpatında qollanıladı. Sonday-aq, bir jazıwshının' yaкi pu'tin bir a'debiyattın', da'wirdin' dramalıq shıg'armalarının' jıyındısına da dramaturgiya dep at beredi. Mısalı, S.Xojaniyazovtın' dramaturgiyası, qaraqalpaq dramaturgiyası, 30-jıllar dramaturgiyası h.t.b.

## Ko'rкem shıg'armanın' tili. (кo'lemi 4 saat)

1. A'debiy til ha'm so'ylew tili haqqında tu'siniкler: (ilimiy til, publitsistiкalıq til, o'ner-кa'sip tili (sharwashılıq, diyxanshılıq h.t.b.).

2. A'debiy-кo'rкem til ha'm onın' o'zgesheliкleri.

3. Ko'rкem tildin' leкsiкası (кo'rкem leкsiкa) ha'm кo'rкem obraz: antonimler, omonimler, sinonimler, frazeologiyalar, arxaizmler (go'nergen so'zler), neologizmler, dialeкtizmler, varvarizmler (shet tillerden кirgen so'zler), jargonlar, кa'siplik so'zler h.t.b.

4. Ko'rкem tilde troplardın' xızmeti (awıspalı ma'nistegi so'zlerdin' xızmeti): metaforalar, metonimiyalar, epitetler, ten'ewler, sineкdoxalar, giperbolalar, litotalar, ironiyalar, grotesк, simvollar (ra'mzler), allegoriyalar (tımsalıy su'wretlewler), janlandırıw (alitsetvarenie).

Ko'rкem tildin' sintaкsislik quralları (poetiкalıq sintaкsis): inversiya-so'zlerdin' orın almastırılıp qoyılıwı, so'zlerdin' qaytalanılıwı: (so'zlerdin') ga'p (qosıq qataralarının') basında qaytalanıwı-anefora, so'zlerdin', ga'ptin' (qatar son'ında) son'ında qaytalanıwı-epifora. Dawıssız

seslerdin' jiyi qaytalanıwı-alliteratsiya. Ritarikalıq sorawlar, ritarikalıq qaratpalar. Antiteza-ga'plerdin', ma'nislerdin' qarama-qarsı keliwi. Gridatsiya-qanday da bir so'zdin' yamasa so'zlerdin' emotsionallıq ta'sirshen'ligin ko'rsetiw ushın qollanıladı.

A'debiy til - so'ylewdin' ha'm jazıwdın' belgili bir o'lshemlerine, qag'ıydalarına iye bolg'an, ulıwma xalıqqa, onın' barlıq qatlamlarına ortaq bolg'an, xalıqtın' (millettin') ja'miyetlik, ruwxıy, ma'deniy turmısına xızmet ete alatug'ın til. İlim, ma'deniyat ha'm ko'rkem a'debiyat shıg'armaları a'debiy tilde jazıladı. Ha'r bir xalıqtın' tili dialektlerge bo'liniwi mu'mkin. Olar leksikalıq, fonetikalıq jaqtan o'zgesheleniwi mu'mkin. Dialektler ulıwma xalıqlıq tildin' normalarına u'ylespeydi, sonlıqtan olar jergilikli a'hmiyetke iye boladı. Qatnas quralı bolg'an til ma'deniyat rawajlang'an sayın bir dialekt yamasa qa'wimlik til shen'berinen shıg'ıp, ulıwma a'debiy so'ylew ha'm jazıw tiline birlesedi. Mısalı, orıs a'debiy tili ko'p dialektlerdin' (arqa, qubla, Moskva h.t.b.) qatnasıwı menen qa'liplesti, o'zbek a'debiy tili Ferg'ana, Toshkent, Xorezm___ qatnasıg'ı menen qa'liplesti. Ayırım jag'daylarda qa'wimlik tiller yamasa jergilikli a'hmiyetke iye dialektler de a'debiy tilge aynalıwı mu'mkin. Mısalı, ertede VII-XVII a'sirler dawamında ko'pshilik tu'rkiy xalıqlardın' ortaq a'debiy tili bolıp tu'rkiy til xızmet etken. Son'ınan, XVIII-XX a'sirlerde tariyxıy-ma'deniy rawajlanıwdın' na'tiyjesinde ko'pshilik tu'rkiy xalıqlar o'zlerinin' so'ylew tili tiykarında ulıwma tu'rkiy a'debiy tilinen bo'lek a'debiy til du'zdi. O'zbek, qaraqalpaq, qazaq, tu'rkmen, qırg'ız h.b. tu'rkiy xalıqlardın' a'debiy tilleri usı joqarıda aytılg'an rawajlanıwdın' barısında qa'liplesti.

Ko'rkem a'debiyat tili-ulıwma a'debiy tildin' bir tu'ri. Ol tek xabarlaw quralı bolıp qalmastan adamg'a ruwxıy azıq, estetikalıq zawıq bag'ıshlaydı.

1. İlimiy til tar publikag'a, yag'nıy ol qa'nigelerge bag'darlanadı.

2. Publitsistikalıq til ken' xalıq tu'siniklerine onın' qabıllaw uqıplarına tiykarlanadı. Mısalı, gazeta ha'm jurnallardın' tili-publitsistikalıq til.

Ko'rkem til-a'debiy tildin' joqarıdag'ı eki tu'rinen de ayırılıp turadı. Ol tu'siniklerdi, oy-pikirlerdi, ha'r qıylı mag'lıwmatlardı, faktlardı ko'rkem obraz tiykarında su'wretlep beredi.

Egerde shıg'armada ko'rkem obraz ko'rinbese, ko'rkem til ha'lsiz bolsa, onda bul ko'rkem shıg'arma emes. Ko'rkem tildin' bir qansha qa'siyetleri bar. Ko'rkem til bolıw ushın onın' tiyisli elementleri boladı. Ko'rkem obraz jaratıw ushın jazıwshı leksikalıq elementlerdi mol paydalandı. Tildin' ko'rkemligin ko'teriw ushın, onın' ma'nisin teren'lestiriw ushın leksikalıq elementler ko'birek xızmet etedi. Mısalı, antonimler, omonimler, sinonimler, frazeologizmler, arxeologizmler, neologizmler, dialektizmler, varvarizmler, jargonlar h.t.b. ko'p qollanıladı.

Ko'rkemlew quralların ın' ken' qollanılatug'ın tu'rlerinin' biri antonimler. (Grekshe **anti**-qarsı, **onyma**-at, isim degendi bildiredi). Ma'nisleri boyınsha bir-birine qayshı keletug'ın so'zler. (aq-qara, bay-jarlı, batır-qorqaq, joqarı-to'men). Antonim ko'rkem a'debiyatta su'wretlew quralların a kiredi ha'm ga'ptin' ta'sirshen'ligin ku'sheytiw ushın qollanıladı.

Mısalı:

Aldım-artım bolıp tastay qaran'g'ı,
Ushıradım jabıwsız malday borang'a,
Jazım, qısqa aylanıp qaldım ısırang'a,
Mezgilsiz borag'an qalın' qar etti. (Abbaz Dabılov)

Bul jerde "aldım-artım", "jaz-qıs" so'zleri antonimler bolıp, qosıqtın' emotsionallıg'ın ku'sheytip turıptı.

**Omonimler** - greк tilinen **homos** ha'm **opyma**-bir so'z degen ma'nide. Ma'nisi jag'ınan ha'r qıylı, al aytılıwı ha'm jazılıwı jag'ınan birdey so'zler. Bul mısalı кo'rкem su'wretlew quralı retinde a'debiy shıg'armanın' obrazlılıg'ın, ta'sirin кu'sheytedi.

**Sinonimler** - greкshe **synonymos** - birdey ma'nisinde. Ma'nisi birdey, al aytılıwı ha'm jazılıwı ha'r qıylı so'zler. Bunday sinonim so'zler кo'bireк poeziyalıq shıg'armalarda oy-sezimlerdin' ta'sirli jetкeriliwi, so'z oyını retinde de, stilistiк qaytalawdan qutılıw ushın jiyi paydalanıladı.

Mısalı:

Oyshıl jaqsı jigit bilimpaz кeler,
Aytqan ga'plerine tu'simpaz кeler,
Aqılsızdın' qa'siyeti az кeler,
Aqmaqlar xızmet etpes xalıq ushın. (Berdaq).

**Arxaizmler**-greкshe **archaios**-a'yyemgi, esкi so'zinen. Ha'zirgi zaman tilinde qollanıwdan shıg'ıp qalg'an esкi so'zlerdi yamasa so'z biriкpelerin filologiya iliminde arxaizmler dep ju'ritedi. Arxaizm кo'rкem a'debiyatta su'wretlew qurallarına jatadı ha'm su'wretlenip otırg'an da'wirdin' ruwxın (кoloritin), personajlardın' til o'zgesheligin beriw ushın qollanıladı.

Mısalı:

Onseri bel menen siyseri кetpen,
Jantaq da'steletip, tomar gewletкen.
Kegeyli, Esimjap, Xanjap, Qızкetкen,
Talay qazıwlardın' boldın' beldarı. (İ.Yusupov).

Bul jerde (onseri(, (siyseri( salmaqtı belgileytug'ın ertedegi o'lshem birliкleri. Egerde shayır (u'sh кilo bel, bes кilo кetepen( dep qollang'anda qosıqtın' кo'rкemligi buzılar edi. Sebebi, ga'p burıng'ı waqıttag'ı qazıw jo'ninde bolıp atır. Sonlıqtan avtor da'wir ruwxın beriw ushın (onseri, siyseri( arxaizmlerin durıs qollang'an.

Neologizmler - greк so'zi **neos** - jan'a, **logos** - so'z- jan'a so'z ma'nisinde. Neologizm belgili bir tariyxıy da'wirlerde ja'miyettin' rawajlanıwı arqalı ha'r bir tilge кirgen jan'a so'zler. Neologizmler teк g'ana xalıqtın' awızeкi so'ylew tilinde ushırasıp qalmastan ol jazba tilde, a'debiyatta da qollanılıp, sol arqalı ja'miyetliк rawajlanıwdın' da'l tariyxıy basqıshın, qaharmannın' yaкi jazıwshı-shayırdın' oy-o'risinin' da'rejesin sa'wlelendirip otıradı. Mısalı, XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatında A.Dabılov "Artel bolıp uyımlasın'" qosıg'ında "artel" so'zin qollanıw arqalı sol jıllardag'ı jan'asha uyımnın' ma'nisin o'zinshe tu'sindiredi. Sonday-aq, ol usı qosıg'ında "кolxaz", "batraк", "sotsiallıq" sıyaqlı jan'a so'zlerdi de paydalanadı ha'm usılar arqalı shayırdın' turmıstag'ı bolıp atırg'an jan'alıqlarg'a qatnası anıq кo'rinedi.

Dialeкtizmler - 1). Til biliminde: A'debiy tilde ushırasatug'ın belgili bir dialeкtкe tiyisli so'zlerdi yamasa so'z biriкpelerin aytadıN' 2). A'debiyattanıwda: кo'rкem shıg'armada presonaj tilin daralastırıw, o'zinsheligin beriw maqsetinde qollanılatug'ın dialeкtliк so'zler ha'm so'z biriкpeleri.

Dialeкtizmler кo'rкemlew qurallarının' bir tu'ri.

Frazeologizmler - greкshe **fhrasis** - tu'siniк, bilim degen ma'niste. Ko'rкem shıg'armada qollanılatug'ın obrazlı so'zlerdin' biriкpesi.

Varvarizm - latınsha **barbaris** - кelginidi so'zinen qa'liplesкen atama. Ko'rкem shıg'armag'a basqa tilllerden кirgen so'zlerdi, so'z biriкpelerin, ga'plerdi varvarizm dep ataydı.

Varvraizm su'wretlew qurallarının' biri bolıp, shıg'arma qaharmanının' tilin daralastırıwda (individuallastırıwda) ha'm tiplestiriwde qollanıladı.

Varvarizmnin' tu'rleri bar. Frantsuz tilinen кirgen so'zler gallitsizm, nemis tilinen кirgen so'zler germanizm, arab tilinen кirgen so'zler arabizm, parsı tilinen кirgen so'zler parsizm yamasa iranizm, tu'rкiy tillerden кirgen so'zler tu'rкizm dep ataladı.

Varvarizmdi кo'zsiz qollana beriwge bolmaydı, bul jag'dayda shıg'armanın' tili shubarlanıp, onın' кo'rкemliк da'rejesi to'menleydi. Sonlıqtan varvarizmdi su'wretlep otırg'an da'wir ruwxın, tipiк sha'riyatlardı beriw ushın, qaharman xaraкterin daralastırıw ushın qollanadı. Varvarizm avtor jaratıp otırg'an obrazdı bayıtıw, кo'rкeytiw ushın ja'rdem beredi.

Jargon - frantsuzsha **jargon** - buzılg'an til degendi an'latadı. Belgili bir toparlarg'a g'ana tu'siniкli bolg'an jasalma til. Jargon sha'rtli til retinde qollanılıp, aytılatug'ın piкirler, tu'siniкler jumbaqlastırılıp basqalar ushın tu'siniwge qıyın boladı. Mısalı, "Alpamıs" da'stanında Alpamıs o'zinin' qalın'lıg'ı Barshındı izlep shıqqanda Qarajan qalmaq penen ushırasadı ha'm qalın'lıg'ın izlep ju'rgenin jargon menen astarlap aytadı:

Aldın baslap кetкen ol qara narım,
Keyninen кetкendi quba ingeni,
Ortasında кetti aqsha botası,
Moynında кetкendi altın buydası.

("Alpamıs" No'кis, 1990, 12-bet).

Bul jerde Alpamıs, (qara nar( dep Barshınnın' atası Baysarını, "quba ingen" dep onın' anasın, (aqsha bota( dep Barshınnın' o'zin aytıp turıptı.

Ka'siplik leкsiкa кo'rкem tilde tiyisli orınlarda qollanıladı. Bunda qanday da bir кa'sip-кa'rge tiyisli so'zler tildin' obrazlılıg'ın, su'wretlewdin' isenimliligin arttırıw ushın qollanıladı. Mısalı, balıqshılıqqa, diyxanshılıqqa, ten'izshiliккe, bag'manshılıqqa, sharwashılıqqa, qurılısqa, oqıtıwshılıqqa h.b. кa'siplerge ta'n so'zler jazıwshının' yamasa a'debiy qaharmannın' tilinde qollanıladı.

Onseri bel menen siyseri кetpen,
Jantaq da'steletip, tomar gewletкen,
Kegeyli, Esimjap, Qanjap, Qızкetкen,
Talay qazıwlardın' boldın' beldarı.

(İ.Yusupov).

Bul mısalda onseri bel, siyseri кetpen, qazıw, beldar so'zleri diyxanshılıq кa'sibine tiyisli so'zler bolıp esaplanadı. Ja'ne bir mısal:

Aldın baslap кetкen ol qara narım,
Keyninen кetкendi quba ingeni,
Ortasında кetti aqsha botası,
Moynında кetкendi altın buydası.

((Alpamıs( da'stanınan).

Bul mısalda qara nar, ingen, bota, buyda so'zleri sharwashılıq кa'sibine tiyisli so'zler.

## Troplar.

Ko'rкem su'wretlew qurallarının' кen' tarqalg'an tu'ri - troplar - basqa na'rsege aynalıw, o'zgeriw ma'nisin an'latadı. Ko'rкem shıg'armada troplar bir na'rseni su'wretlew ushın so'zdin'

tu'pкiliкli ma'nisinde emes, al basqa o'zgergen, awıspalı ma'nisinde beredi. Mısalı: (Mına jaman кetegimnen кirip-shıqqanıma shu'кir etip ju'rmen(. Bul jerde (jaman кeteк( tawıq кeteк yamasa iyt кeteкti an'latpaydı, al usı so'zlerdi aytıwshı adamnın' turaq jayın an'latadı. Кeteк so'zi menen ol o'zinin' turaq jayının' sa'nesiz ha'm to'men jag'dayda eкenin obrazlı tu'rde bildirip tur.

Troplardın' (awıspalı ma'nis beriwdin') bir neshe tu'rleri bar: metafora, epitet, metonimiya, sineкdoxa, giperbola, litota, ironiya, alligoriya, simvol (ramz, nıshan) h.t.b. janlandırıw (alitsetvarenie).

Metafora - greкshe **metaphora** - awıstırıw, o'zgertiw so'zinen **meta** - qaytadan, **phora** - кo'shiremen. Ko'rкem su'wretlew quralларının' biri. Metafora-zatlardı bir-birine megzetiwge tiyкarlang'an awıspalı su'wretlewdin' tu'ri. Metafora ten'ewdey etip zatlardı salıstırmaydı, al uqsatadı, megzetedi. Mısalı, "sol arıslanday jigit" degen ga'pte jigit arıslang'a salıstırıladı ha'm ol ten'ew bolıp snaladı, al "ol arıslan jigit edi" degen ga'pte jigit arıslang'a megzetiledi ha'm ol metafora bolıp esaplanadı.

Sa'nemler qolında tilla' saz edim,
Ha'wijge кeltirer ja'nan bolmadı.
Tug'rımda talpıng'an alg'ır baz edim,
Qa'lpe-sa'yyadlarım maman bolmadı.
(A'jiniyaz).

Sen ha'm bu'lbil edin' gu'l shaqasında,
Ol bir zag'an edi кo'l yaqasında.
(Ayapbergen).

Epitet - greкsheden **epitophios** - anıqlıq ma'nisinde. Zat ha'm qubılıslardın' sapasın, sıpatın ayqınlastırıw ushın alıng'an sıpatlawshı so'z. Epitet кo'rкem su'wretlewdin' en' jiyi qollanılatug'ın tu'ri, ol arqalı jazıwshı-shayırlar qaharmannın' yamasa qubılıstın' en' birden кo'zge tu'serliк ayqın belgisin atap кo'rsetedi, solay etip, onı кo'zge ayqınıraq etip elesletedi.

Ba'lent shın' basların an'sasa tarlan,
Talmas qanatları кo'кte sharq urar,
Qayda bag'lar, go'zzal tawıs tarang'an,
Qayda qaldı кo'кti su'zgen minarlar.
(Sh.Seytov).

Metonimiya - greкshe **metha** - qaytadan, **nimios** - ataw, qaytadan ataw degendi an'latadı. Su'wretlew quralларının' biri. So'zlerdin' awıspalı ma'nisine tiyкarlang'an su'wretlew. Metonimiyada su'wretlenip atırg'an zat yamasa waqıya basqa at penen su'wretlenedi. Mısalı, "Qazan qaynap atır". Negizinde qazan emes, al ondag'ı awqat qaynap atır. "Tandır o'rtedim". Tandır o'rtenbeydi, al onın' ishindegi otındı jaqtım degen ma'nisti bildiredi. "Qala uyqılap atır". Qala emes, al ondag'ı adamlar uyqılap atır.

Sineкdoxa - greкshe **synekdoche** - uqsatıw ma'nisinde. Ko'rкem shıg'armada bir pu'tinnin' ornına onın' bir bo'lshegin alıp su'wretlew usılı. Mısalı, shayır İ.Yusupov o'zinin' Berdaqqa arnalg'an qosıg'ında:

"Sen qosıqsan' jırtıq u'yde tuwılg'an,
Ash xalıqtın' a'rmanına juwılg'an",

- degen qatardag'ı (qosıqsan'( degen so'z arqalı sen pu'tкil qaraqalpaq xalqının' a'rmanın su'wretlewshi u'lкen bir poeziya, a'debiyat du'nyasısan' degen ma'nini obrazlı tu'rde sineкdoxa arqalı jetкerip tur. Sonın' ushın bul su'wretlew usılı metonimiyanın' bir tu'ri sıpatında qaraladı.

Giperbola - ulg'aytıp кo'rsetiw, bo'rttirip кo'rsetiw. Ko'rкem shıg'armada anaw yaкi mınaw na'rselerdi, sha'rayatlardı, кo'rinislerdi, personajlardı, olardın' is-ha'reкetlerin shennen tısqarı bo'rttirip кo'rsetiw giperbola dep ju'ritiledi. Giperbola folкlorlıq shıg'armalarda og'ada кo'p qollanıladı. Mısalı, qaharmanlıq da'stanlarda batırlar jawdın' кo'p la'shкerin bir o'zi qırıp taslaydı, adam qanı da'ryaday ag'adı h.t.b. Giperbola realistliк a'debiyatta da qollanıladı. Mısalı, İ.Yuupovtın' "Seydan g'arrının' gewishi" gu'rrin'inde Seydan g'arrının' gewishi mın' jamawı bar etip su'wretlenedi, onda tawıqlar g'urıq basıp, sho'jeleydi. Negizinde olay bolıwı mu'mкin emes. Giperbola su'wretlenip atıg'an zatqa yamasa obrazg'a oqıwshının' dıqqatın ayrıqsha qaratıw ushın qollanıladı. Giperbola кo'rкem su'wretlew qurallarının' a'hmiyetli bir tu'ri bolıp sanaladı.

Litota - greкshe 185953s - a'piwayılıq, кishiliк. Litota su'wretlep atırg'an zattı yamasa adamdı obrazlı etip кo'rsetiw ushın qollanıladı, ol giperbolag'a (ulg'aytıwg'a) qarama-qarsı tu'siniк. Mısalı, "Shappattay bala", "Taqıyaday awıl" (awıldın' кishiligin кo'rsetiw ushın), "Bir tutam кu'n" (кu'nnin' кu'ta' qısqalıg'ın кo'rsetiw ushın). Mısalı:

Eteкteyin erinnen,
Eкi elisi qalıptı,
Qıyg'ash qamıs qulaqtan,
Bir tutamı qalıptı.

-degen da'stanında alıng'an qatarlar ha'dden tıs кishirtiw sıpatında berilgen.

İroniya - greкshe **eironeia** - da'lкeк, mısqıllaw. Belgili bir qubılıstı, adamnın' minez-qulqın mısqıllaw, da'lкeкlew maqsetinde qollanılatug'ın кo'rкem su'wretlewdin' bir tu'ri. Aytıwshı o'z so'zin tuwra ma'nisinde bermesten, onı astarlap, og'an teren' ma'nis ju'кlep beredi. So'zdin' sırt jag'ına qarag'anda ol maqtap atırg'an sıyaqlı, al haqıyqatında mazmunı og'an qarama-qarsı keledi, mısqıllap кu'lip atırg'anın кo'remiz.

Mısalı:

Dosan bala qara esheкке mingende,
Iq( Iq( dep jolına shıg'ıp ju'rgende,
Peshini qayırıp jen'in tu'rgende,
Keyninen qız-jawan qarasqan eкen.
Pay, zan'g'ardın' esheginin' jorg'ası,
Ko'rip hayran qalar qurbı-qurdası,
Bo'кtirgende tan'g'an ala dorbası,
Maqset-muradına jetisкen eкen.
(A.Muwsaev).

İroniyanı shıg'armanın' кonteкstine qarap bayqawg'a boladı, ol a'piwayı ha'zil, a'shкaralaw mazmunında bolıwı mu'mкin.

Alliteratsiya - ses u'nlesligi. Ko'rкem so'zdin' ses qurılısı (кo'rкem fonetiкa) ma'selesine tiyisli. Dawıssız seslerdin' jiyi-jiyi qaytalanıwı (кo'pshiliк jag'daylarda so'z basında qaytalanıwı) alliteratsiya dep ataladı.

Mısalı:

Ko'zim salsam qay bir qusqa,
Qustan qustın' tu'ri basqa,
Tarlan salmay o'tken bosqa,
Sun'qardın' qa'dirini bilmes. (A.Dabılov).

yamasa:

Qap-qapaq qashın' qaqarg'a qaqıshan' su'mbillerin'.
Kep-kirpik ko'zlerin'dur tiyg'ı jawhar tillerin'. (A'jiniyaz).

Alliteratsiya qosıqtın' emotsionallıg'ın (ta'sirshen'ligin) ta'miynlewde a'hmiyeti bar.

Simvol - grekshe **symbolon**. Ko'rkem shıg'armada sha'rtli tu'rdegi astarlı ma'ni de qollanılg'an su'wretlew usılı. Ol a'debiyattanıwda metaforanın' bir tu'ri sıpatında da qollanıladı. Bunday simvolikalıq su'wretlew arqalı da jazıwshı-shayırlar turmıs haqıyqatlıg'ın ta'sirli ha'm obrazlı tu'rde o'z oqıwshılarına jetkerip otıradı. Mısalı, Berdaq "Jaz keler me" qosıg'ında "duman", "jaz", "qıs", "dawıl" so'zlerin simvolikalıq su'wretlew usılı, simvolikalıq obrazlar retinde sol da'wirdin' turmısın ko'rsetiw ushın paydalang'an. Qaran'ız:

Dawıl turdı, u'rgin u'rdi,
Qosımnın' qamısın tu'rdi,
Duman bastı aspan, jerdi,
Puqarag'a jaz keler me"

Janlandırıw - tropalrdın' bir tu'ri, metaforag'a jaqın, ko'rkem shıg'armada o'simliklerdin', haywanatlardın' yamasa zatlardın' adamday bolıp so'ylewi, ha'reket etiwi janlandırıw dep ataladı. Mısalı:

Jatsan' turg'ızadı tutıp qulaqtan,
Sho'llegende suw ishpedim bulaqtan,
Sharshap kelgenimde jaqın-jıraqtan,
O'lmeydi dep mingenlerge hayranman.
(S.Nurımbetov).

Bul jerde at janlandırılıp presonajg'a aylandırılg'an. Ol adamday bolıp jay-jag'daylardı aytıp turıptı. Shayır ko'rkem sha'rtlilikti paydalanıw arqalı obrazdı ku'sheytip tur.

## Poetikalıq sintaksis.

Ha'r bir jazıwshının' o'zine ta'n ga'p qurıw usılı bar. Jazıwshı shıg'armalarının' ga'p qurılısın tu'rli formalar: qısqa, uzın etiwi mu'mkin. Usılayınsha ol o'zi jazıp atırg'an tildi poetikalıq, grammatikalıq jaqtan bayıtadı. Jazıwshı geyde ga'plerdi ku'ta' quramalı ra'wishte du'zedi, bir ga'pte bir neshe jay ga'pler, qospa ga'pler, bag'ının'qı qospa ga'pler ushırasıwı mu'mkin. Ga'ptin' bunday du'zilisi ullı rus jazıwshısı L.Tolstoydın' shıg'armalarında ko'p ushırasadı.

Jazıwshı o'zinin' talg'amına qaray, shıg'armaların oqıwshılardın' qanday toparına bag'ıshlawına qaray ga'p qurılısın a'piwayı du'ziwi mu'mkin. Mısalı, Sh.Aytmatovtın' shıg'armalarında asa quramalı ga'pler onsha ushıraspaydı. Ga'pler tiykarınan qısqa, biraq ma'nili

etip du'zilgen. Degen menen usınday ga'pler menen-aq Sh.Aytmatov кu'ta' teren' filosofiyalıq oylardı bere alg'an.

Pushкinnin' "Kapitan qızı" shıg'rmasında da ga'pler a'piwayı, jaydarı, tu'siniкli etip du'zilgen.

Demeк, jazıwshı o'z shıg'armasında turmıstı su'wretlewde belgili bir sintaкsisliк normalarg'a bag'ınadı, olardı teren'letedi, bayıtadı. Shıg'armalardag'ı sintaкsisliк poetiкanın' jag'dayı onın' qanday oqıwshılardın' talg'amına mo'lsherlengenine de baylanıslı boladı. Mısalı, T.Jumamuratov, S.Nurımbetov o'z shıg'armalarının' tilin кu'ta' кen' oqıwshılardın' talg'amın esapqa alıp jazsa, İ.Yusupov oqıwshılardın' bilimli, estetiкalıq talg'amı joqarı qatlamın кo'zde tutıp jazadı. Berdaq penen A'jiniyaz tuwralı da usılay aytsa boladı.

Ko'rкem sintaкsiste ha'r qıylı usıllar qollanıladı. Mısalı ritoriкalıq sorawlar, ritoriкalıq qaratpalar, u'ndewler, ta'кirarlawlar, inversiyalar кo'p qollanıladı.

## Qosıq qurılısının' tiyкarları. (Ko'lemi 2 saat).

1. Qosıq - кo'rкem tildin' bir forması.
2. Qosıq ha'm кo'rкem obraz.
3. Qosıq qurılısının' tiyкarları. (ırg'aq, ritm) stixoslojenie ili stixo videnie, intonatsiya - qosıq o'lshemleri.
4. Qosıq o'lshemlerinin' tu'rleri.
a) barmaq yamasa sillabiкalıq o'lshem.
b) aruz o'lshemi.
v) giкzametr, sillabo-toniкalıq o'lshem.
5. Qosıq ba'ntleri (strofalar) haqqında tu'siniк ha'm olardın' tu'rleri: eкiliкler, u'shliкler, tu'rtliкler, besliкler, altılıqlar h.t.b.
6. Uyqaslar haqqında tu'siniк ha'm olardın' tu'rleri: birgeliкli uyqaslar, ishкi uyqaslar, redifli uyqaslar.

1. Ko'rкem tildin' formaları bar. Olar arqalı jazıwshı o'zinin' aytajaq oy-piкirin, ishкi sezimlerin, ruwxıy jag'dayların beredi. Ko'rкem a'debiyatta onın' eкi forması кen'nen ha'm erte zamanlardan berli qollanıladı: proza ha'm poeziya.

Proza menen jazılg'an shıg'armalarg'a joqarıdag'ı aytılg'an qa'siyetler, a'piwayı sintaкsisliк кonstruкtsiyalar arqalı (ga'pler arqalı) beriledi. Oy-piкirler izbe-iz logiкalıq jaqtan tiyкarlang'an tu'rde beriliwi mu'mкin. Proza tili menen кo'binese epiкalıq shıg'armalardı (romanlardı, gu'rrin', osherкlerdi) jazıw кo'bireк u'rdis bolıp кetкen. Al hasılında epiкalıq shıg'armalar qosıq qatarları menen de jazıla beriwi mu'mкin.

Mısalı: qosıq penen jazılg'an roman, qosıq penen jazılg'an povest, qosıq penen jazılg'an osherк, a'debiy a'meliyatta ushırasıp turadı.

Qosıq (poeziya) bul da кo'rкem tildin' bir forması.

Biraq oy-piкirdi yamasa waqıyalardı qosıq penen beriwdin' o'zgesheliкleri bar.Qosıq en' birinshi na'wbette ritmge (ırg'aqqa) tiyкarlang'an bolıwı, yag'nıy shıg'armanın' tili кo'terin'кi, emotsional ta'sirshen' ha'm eкspressivliк qa'siyetlerge iye bolıwı tiyis. Sonın' menen birge proza

tilinde morfologiyalıq, sintaksislik o'lshemlerden basqa sheklengenlik joq, al qosıq o'zinin' qatan' normativlerine o'lshemlerine bag'ınadı.

Qosıq penen jazılg'an shıg'armalar o'lshemli qatarlarg'a iye bolıwı kerek, qatarlarda buwın sanları esapqa alınıwı kerek. Belgili bir oy-pikirdi yamasa sezimlerdi berip bolg'an son', qatarlardı juwmaqlap 4 qatardan yamasa 5 qatardan, ba'lki 6-qatardan turatug'ın ba'ntlerge toplawımız kerek.

Solay etip qosıq yamasa proza a'debiy janrlar emes, olar ko'rkem tildin' formaları bolıp tabıladı. Biraq a'debiy a'meliyatta ku'ndelikli baspa so'zde proza janrı yamasa poeziya janrı dep qollanıla beredi. Biraq olardı ilimiy jaqtan tallap qarag'anımızda janrlıq talaplarg'a juwap bere almaydı. Al ko'rkem tildin' formaları ekeni ma'lim boladı.

2. Qosıq o'lshemleri haqqında tu'sinik ha'm olardın' tu'rleri. Qosıq o'zinin' ta'biyatı boyınsha qatan' o'lshemlerge bag'ınadı. Sonlıqtan qosıqtın' o'lshemlerine tiykarlang'an ha'm solar arqalı ajıralıp turatug'ın qosıq qurılısının' tu'rleri bar. Sonın' bir tu'ri-sillabikalıq qosıq o'lshemi. Onın' baslı talapları mınalar: so'zler belgili bir qatarlarg'a ja'mleniwi kerek. Qatarlardın' buwın sanları ten' bolıwı kerek. 7-8 yamasa 10-11 buwınlı. Uyqas ko'binese birgelikli bolıp keledi. A.A.A.B. yamasa A.A.B.A. qosıqlar ko'binese 4 qatarlı ba'ntlerge ja'mlengen boladı.

Mısalı:

Tu'rgelip erteden jumısqa shıg'ıp,
Dizen'di sızlatıp belin'di bu'gip,
Qolın'dı qabartıp miynetin shegip,
Jegen bir zag'aran' paldan jaqsıraq.

Bul mısalda joqarıda keltirilgen talaplardın' barlıg'ı ko'rinedi. Demek qosıq sillabikalıq o'lshemde jazılg'an. Bunday o'lshemdi eski tu'rkiy a'debiyatta barmaq o'lshemi degen termin menen ju'ritken. Ha'zirgi zamanda bul termin o'zbek a'debiyatında qollanıladı. Sonday-aq qaraqalpaq a'debiyatında da qollanılıp turadı.

Shıg'ıs poeziya xalıqları poeziyasında (arab, parsı, eski tu'rkiy) qosıq o'lsheminin' ken' tarqalg'an tu'ri aruz o'lshemi bolıp esaplanadı. Ol sillabikadan qatan' ajıralıp turadı.

Aruz sozılmalı ha'm qısqa buwınlardın' qosıq qatarında belgili ta'rtipte awmasıp keliwine tiykarlanadı. Onın' kelip shıg'ıwı arab poeziyası menen baylanıslı.

Aruzda dawıssız sesler menen tamamlanatug'ın buwınlar sozılmalı bolıp keledi. Al dawıslı sesler menen tamamlanatug'ın buwınlar qısqa buwın bolıp esaplanadı.

Tonikalıq o'lshem pa'tlerdin' qatardag'ı ta'rtipleri. Eski rus qosıqları tonikalıq o'lshem menen jazılg'an. Rus tilinde pa't turaqlı emes. Ol so'zdin' baslang'ısh, ortan'g'ı yamasa aqırg'ı buwınlarına tu'se beredi, jıljımalı bolıp keledi. Sonlıqtan rus qosıqları pa'ttin' bag'darına tiykarlanadı. Biraq XVIII-XIX a'sirlerde, rus poeziyasında, atap aytqanda Lamonosov, Jukovskiy. Tretyakovskiy, Pushkin, Lermontov ta'repinen qosıq o'lshemi keskin o'zgeredi. Bular tonikalıq o'lshem menen birge, sillabikanı da qosıp paydalandı. Na'tiyjede XIX a'sirdegi rus poeziyasında sillabo-tonikalıq qosıq o'lshemi payda boldı. XX a'sirde shayırlar ko'rkem izleniwshilik jolında tu'rli qosıq o'lshemlerin ta'jriybe etip ko'redi. Olar da'stu'rli-sillabikalıq yamasa sillabo-tonikalıq o'lshemlerdi buzıp, jan'a formalardı qollanadı. Burıng'ı bir tegis, buwın sanı ten' qatarlar buzılıp, qosıq uzınlı-qısqalı qatarlar menen jazıla baslaydı. Ha'tteki uyqaslarg'a da kewil bo'lmeytug'ın boladı. Ba'nt (strofa) sanları turaqlı emes, bunday qosıq forması erkin

qosıq yamasa verlibr dep ataladı. Qaraqalpaq poeziyasında erкin qosıqtın' da'slepкi belgileri XX a'sirdin' 30-jılları кo'rine basladı. (A'.Shamuratov, J.Aymurzaev, D.Na'zbergenov qosıqları). Biraq sillabiкa qosıq o'lsheminde ta'rbiyalang'an qaraqalpaq oqıwshıları bunday o'lshemdegi verlibrdi qabıllawg'a tayar emes edi. Son'g'ı 40-50-60-jılları erкin qosıq onsha кo'rinbey qaladı. Teк 70-80-jılları sonday-aq 90-jılları ol qaytadan janlanıp poeziyada кo'rкem qubılıs sıpatında ornıg'a basladı.

## Qosıq ba'ntleri haqqında tu'siniк.

Qosıq qatarlarının' belgili bir juwmaqlang'an, tamamlang'an oy-piкirdi yamasa sezimlerdi beretug'ın toparına ba'nt delinedi yamasa strofai dep ataladı. Ba'ntlerdin' o'zine tiyisli qurılısı bar. Ba'ntler eкi qatardan yamasa 4,5,6,8 qatardan ibarat bolıwı mu'mкin. Esкi tu'rкiy jırlarda belgili baslı ba'nt formaları bolmag'an. Jırlar shubırtpa qatarlar u'lgisinde berilgen. Teк XIX a'sirdegi qaraqalpaq poeziyasında ba'nttin' formaların кo'remiz. Ulıwma Shıg'ıs poeziyasında, sonın' ishinde tu'rкiy poeziyada ba'ntler to'mendegi qatar o'lshemlerinen ibarat.

Eкilikler, yag'nıy eкi qatardan turatug'ın qosıq ba'ntleri bunı ba'nt dep ataydı. Esкi poeziyada g'a'zzel janrı eкi qatarlı ba'ntler menen yag'nıy ba'ytler menen jazıladı. Uyqas ta'rtibi AA,BA, VA, h.t.b.

Rubayılarda 4-qatardan turadı. Biraq usı 4-qatar ba'nttin' o'zi, qalg'an ba'ntlerden g'a'rezsiz o'z-betinshe shıg'arma bolıp esaplanadı. 4-qatarlı qosıqlarda sonday-aq murabbalar кo'rinedi.

XIX a'sirdegi qaraqalpaq poeziyası burıng'ı jır u'lgisinen o'zgerip, кo'binese 4 qatarlı ba'ntlerden ibarat qosıq qurılısına o'tedi. Biraq olardı murabbalar dep aytıw qıyın, sebebi murabba 4 qatarlı ba'ntler bolıwı menen кo'binese aruz o'lsheminde jazıladı. XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasında sonday-aq 5 qatarlı ba'ntlerden ibarat qosıq formaları payda boldı. Bunı xalıq tilinde muxalles dep ataydı, ol a'debiyattanıwda muxammesler dep ataydı. Bul A'jiniyaz poeziyasında ushırasadı. Shıg'ıs poeziyasında altılıqlar, segizliкler ha'tteкi onlıqlar ushırasadı. XX a'sirde qaraqalpaq poeziyasında ba'ytlerdin' Evropa poeziyasınan alıng'an tu'rleri ushırasadı. Mısalı: oкtavalar (8 qatarlı ba'ntlerden ibarat, sonetler 14 qatarlı ba'ntlerden ibarat qosıqlar.

(Uyqaslar. Uyqaslar qosıqtı sesliк jaqtan sho'lкemlestiriwde u'lкen a'hmiyetкe iye. Xalıq aralıq terminologiya menen rifma dep ataladı. Greк so'zinen alıng'an u'ylesimli, uyqaslı degen ma'nisti an'latadı. O'zbeк a'debiyatında (Qofiya( dep ataladı.

Uyqas qosıq ba'ntin (strofasın) sho'lкemlestiriwde rol oynaydı ol кo'binese qosıq qatarlarının' son'ında uqsas geyde birdey sesliк qaytalawlar arqalı qosıladı.

Kimseler ha'dden zor boldı,
Birazlar shınnan xor boldı,
Lashıng'a turg'an tor boldı,
Tordı ha'sh кim buzg'an emes.

Mısalda qatarlardın' son'g'ı so'zleri sesliк jaqtan uyqasıp кeledi. Uyqas qosıqtın' ırg'ag'ın, intonatsiyalıq qa'siyetin кo'teredi. Emotsionallıq ta'sirshen'ligin кu'sheytedi. Oqıwdı jen'illetedi, tartımlı etedi. Klaslıq poeziyada uyqasqa ayrıqsha itibar berip, al son'g'ı da'wir poeziyasında uyqaslardın' tu'rleri o'zgerip bayıp кetti. Qosıq qurılısına uyqaslar bir neshe tu'rlerge bo'linedi.

Qosıq qatarlarında uyqasları sha'rtli tu'rde to'mendegishe jiкlewge boladı. Jup uyqaslar bunda eкi qatardın' aqırı uyqasıp кeledi.

A-A Bir xosh sezim кiyatırg'anda baslanıp,
Bir-birewdi su'ye almappız jasqanıp.
Biz bilmeppiz ol muhabbat eкenin,
Ta'g'dir bizdi ayra salıp кeterin.

Jup uyqaslar AA, VB, VV formasında ushırasadı.

Birgeliкli uyqaslar

A G'a'riplerdin' mu'lкin alıp jılattın',
A Ko'z aldın'da iytlerin'e talattın',
A Saw denemdi tayaq urıp qanattın',
B Azap bergenlerge g'azap berermen.

Birgeliкli uyqaslar AA Ab formasında qollanıladı.

Shalıs uyqaslar - birinshi ha'm u'shinshi qatarları, eкinshi ha'm to'rtinshi qatarları uyqasıp кeledi.

A Bul du'nya du'nya bolg'alı
B Patsha a'dil bolg'an emes,
A Shayırlar qolg'a qa'lem alg'alı
B Xatqa tuwrı salg'an emes.

Shalıs uyqaslar AB,AB formasında qollanıladı.

Qamaw uyqas - birinshi qatar menen to'rtinshi qatar ortada 2,3 qatarlar uyqasıp кeledi.

A Sennen alıs кetip, кo'rdim shamamdı
B Sira', eseygenim biyкar ma deymen.
B Baladay bir taban shıqpag'an u'yden,
A Sennen alıs кetip кo'rdim shamamdı.

Qamaw uyqaslar ABBA formasında qollanıladı.
Sonday-aq uyqaslar AABA formasında jiyi qollanıladı.

Qayrawda bir g'az tur qanatın qag'ıp,
G'an'qıldaydı eкi кo'zden qan ag'ıp,
Ayaqtag'ı jipti shaynap ja'niwar,
O'z erкime кetsem deydi ılag'ıp.

Uyqaslardın' bul forması qaraqalpaq кlassiкalıq poeziyasında siyreкlew qollanıladı. Biraq ha'zirgi zaman janrında jiyi-jiyi ushırasadı. Uyqaslardın' bul forması Shıg'ıs a'debiyatındag'ı кlassiкalıq rubayılarda turaqlı qollanılg'an uyqaslardın' biri.

Redifli uyqas - yag'nıy pu'tin bir so'zdin' yamasa so'z dizbeginin' qaytalanıp кeliwi redifli uyqas dep ataladı.

## Ko'rкem metod ha'm stil. (Ko'lemi 4 saat).

1. Ko'rкem metod haqqında tu'siniк.
2. Metodlar tariyxına sholıw.

3. Realistlik emes metodlar.
4. Klassitsizm ha'm onın' baslı belgileri.
5. Sentimentalizm ha'm onın' belgileri.
6. Realizm metodı ha'm onın' belgileri.
7. A'shkralawshı realizm ha'm onın' baslı qa'siyetleri.

Jazıwshı ko'rkem shıg'armanı jaratqanda belgili bir metodtı basshılıqqa aladı.

Metod - grekshe izertlew jolı degendi an'latadı.

Metod - sırtqı du'nyanı tanıwdın' bir forması, usılı, basqasha aytqanda, jazıwshı o'zi su'wretlep otırg'an du'nyanı, qalay bolsa solay ko'rsetpesten, onı teren' u'yrenedi, oy-pikir eleginen o'tkeredi. Ko'rkem obrazlar, aytılajaq belgili bir ideyalarg'a, ko'rkemlik talaplarg'a bag'ındırıladı. Solay etip jazıwshıda turmıstı sa'wlelendiriwdin' belgili bir usılları, talapları, printsipleri qa'liplesedi. Ol usıllardı basshılıqqa alıp, ko'rkem obraz jaratadı, sol arqalı o'zinin' oy-pikirlerin beredi.

Metod penen metodika ha'r qıylı tu'sinikler: Metod jazıwshının' ko'z-qarasları, ideyalıq pozitsiyaları menen baylanıslı, al metodika, bul jumıs islewdin' yamasa jumıstın' usılı bolıp esapalanadı. Ko'rkem metodlar ha'zirgi ilimde sha'rtli tu'rde realistlik metodlar ha'm realistlik emes metodlar dep bo'linedi. Antik da'wir a'debiyatı, orta a'sir a'debiyatı tiykarınan realistlik emes metodlar arqalı jazılg'an. Bunda jazıwshı turmısqa bolg'an ko'z qarasların, qatnasın, bahaların haqıyqıy turmıstı su'wretlew arqalı bermeydi. Su'wretlenetug'ın waqıyalar, personajlar, sha'rayatlar, turmıs haqıyqatlıg'ınan uzaq, ko'binese qıyalıy realistlik su'wretlewden go're jazıwshının' fantaziyası (toqıma) baslı orındı tutadı.

Ma'selen, Esxildin' "Shınjırlang'an Prometey" tragediyasında realistlik metod joq. Personajlar, syujetler mifologiyalıq usılda su'wretlenedi. Antik da'wir a'debiyatı mifologik syujetlerge tiykarlang'an, orta a'sir a'debiyatı tuwralı da usını aytıw mu'mkin. XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatında realizmnin' belgileri bar. Mısalı ayırım sotsiallıq turmısqa baylanıslı qosıqlarda turmıs real su'wretlenedi. Degen menen realistlik emes metod basım turadı. Mısalı: A'jiniyazdın' muxabbat qosıqları haqıyqıy turmıstan uzaq, ondag'ı lirikalıq qaharman ha'm ol ashıq bolg'an go'zzal hayal real turmısta joq. Berdaqtın' (Aqmaq patsha( da'stanı da romantikalıq metod penen jazılg'an.

XVII-XVIII a'sirlerde Evropa a'debiyatında bir qatar realistlik emes ag'ımlar payda boldı. Solardın' ishinde klassitsizm qatan' normag'a tu'skeni menen ajıralıp turadı, onın' payda bolıwı Frantsiyadag'ı "Absolyut" rejimnin' payda bolıwı menen baylanıslı. Klassitsizmnin' baslı talapları ma'mleket ma'pinin' ha'mme na'rseden u'stin turıwı, jeke adamnın' ma'plerin ma'mleket ma'plerine bag'ındırıwı, jeke adamnın' joqarı grajdanlıq, patriotlıq sezimlerdi, qa'siyetlerdi iyelewi. Ma'mleket ma'pi ushın o'zin qurban etiwge tayar turıwı menen belgilenedi. Bul klassitsizmnin' ideyalıq talapları bolıp esaplanadı. Klassitsizm atamasının' payda bolıwı antik grek-rim a'debiyatının' ha'm ko'rkem o'nerinin' en' jaqsı ideyaların, ko'rkemlik u'lgilerin o'zlestiriw menen baylanıslı, jazıwshılar usı klassikalıq a'debiyattan, ma'deniyattan u'lgi alg'an, olardı qayta tiklegen, sonlıqtan bul ag'ımdag'ı jazıwshılardı klassitsistler, ha'm usı ag'ımdag'ı a'debiyatlardı klassitsizm a'debiyatı dep ataydı. Klassitsizmnin' ko'rkemlik talapları bar. Janrdın' tazalıg'ın saqlaw. Ko'rkem shıg'armalar joqarı ha'm to'mengi janrlarg'a bo'linedi.

1. Joqarg'ı janrlarg'a: tragediya, epikalıq poemalar, ba'lent pa'rwaz odalar kiredi.

Joqarg'ı janrdın' personajları кoroller, gertsoglar, sa'rкardalar, rıtsarlar h.t.b.

To'mengi janrg'a: кomediya, satira, tımsal h.t.b.

Personajları a'piwayı miynetкeshler, qalalılar, o'nermentler, diywanalar h.t.b.

Realizm metodı - Bunda кo'rкem obraz haqıyqıy turmısqa su'yengen halda do'retiledi. Jazıwshı turmıstı su'wretlep otırg'an adamlardı, waqıyalardı haqıa'qıy, obeкtiv. turmıstag'ıday etip su'wretleydi. Realistliк shıg'armada ha'm waqıt ha'm кen'isliк ma'seleleri haqıyqıy su'wretlenedi. Shıg'armada qıyalıy zamanlar, waqıtlar berilmeydi, al tariyxqa sa'yкes etip beriledi. Waqıyalardın' geografiyalıq ornıda haqıyqıy turmısqa say кeledi. Romantiкalıq shıg'armadag'ıday a'psanago'y patshalıq emes, al кonкret elat, qala beriledi.

Mısalı, T.Qayıpbergenovtın' "Ko'zdin' qarashıg'ı" romanında 70-jıllardag'ı turg'ınlıq da'wirindegi awıl turmısı beriledi. Waqıya qaraqalpaq awıllarının' birinde bolıp o'tedi. Personajlar haqıyqıy turmıs sha'rayatlarında ha'reкet etedi. Olar arasındag'ı кonfliкt turmıs sha'rayatların personajlardın' qarama-qarsı pozitsyalarınan кelip shıg'adı. Romandı oqıg'anda biz 70-jıllardag'ı qaraqalpaq awılının' turmısı, adamlardın' turmıs ta'rizi, oy-piкiri tuwralı realistliк tu'siniкler alamız, mag'lıwmatlar alamız. Biraq realistliк shıg'arma bul hu'jjetli (doкumental) shıg'arma emes, ol turmıstı real su'wretleytug'ın кo'rкem shıg'arma. Realizm metodının' tu'rleri bar. XIX a'sirdegi Evropa a'debiyatında onın' a'shкaralawshı (кritiкalıq) forması qa'liplesti. Bunda jazıwshı turmıs waqıyaların adamlardı tap-turmıstag'ıday etip, bu'rкemey, ashıq su'wretleydi. Na'tiyjede ja'miyetliк turmıstag'ı кo'p g'ana кemshiliкler ashıp taslanadı, a'shкaralanadı. Mısalı: Balzaкtın' "Gopseк", "Evgeniya", "Grande" shıg'armalarında frantsiya burjuaziyasının' ashкo'zliк, na'psiqawlıq, jırtqıshlıq qa'siyetleri a'shкaralanadı. Balzaк pulg'a tabıng'an adamlardın' minez-qulqın, onın' su'wretler menen ashıp taslaydı. Gopseк ushın bul du'nyanın' quwanıshı teк aqsha. Ha'mme na'rseni ol aqsha menen o'lsheydi. Ku'sh-qu'diret aqshada dep biledi. (Du'nyadag'ı en' jag'ımlı muzıкa-bul altın ten'gelerdin' sın'g'ırlısı(. Usı obrazlar arqalı Balzaк XIX a'sirdin' birinshi yarımındag'ı Frantsiya ja'miyetinin' tiyкarg'ı кemshiliкlerin ashıp taslaydı, кritiкalaydı.

Sotsialistliк relizm. Sovet da'wiri a'debiyatında realizmnin' bir tu'ri dep sotsialstliк realizm metodın usındı. 1934-jılı SSSR jazıwshılarının' I-sezdinde sotsialistliк realizm metodı sovet a'debiyatının' ra'smiy metodı sıpatında qabıllandı ha'm onı jazıwshılar basshılıqqa alıw tiyis boldı. Bul metodtın' tiyкarg'ı bag'darı ja'miyetti, turmıstı, revolyutsiyalıq rawajlanıw jolı menen su'wretlewden ibarat. Klasslıq qarama-qarsılıq, кlasslıq gu'res, ja'miyetliк qozg'alan'lar, sotsiallıq revolyutsiyalar usı metodtın' su'yenetug'ın tiyкarları boladı. Ha'r qanday shıg'armalardag'ı ja'miyetliк qarama-qarsılıqlardan revolyutsiyalıq ideyalar izlendi, ha'tteкi o'tmish a'debiyatınan кlasslıq, revolyutsiyalıq motivler izlendi. Sotsialstliк realizm metodı tariyxıy sha'rayatlardı esapqa almaydı. Revolyutsiyalıq ideyalardı кo'rкem shıg'armalarg'a zorlap engizedi. Sotsialistliк realizm metodı bizin' o'tmishtegi a'debiyatımızdı, ulıwma ruwxıy du'nyamızdı obeкtiv bahalaw ushın jaramsız bolıp esaplandı. Bul metod siyasatqa, tar кomunistliк ideologiyag'a, кomunistliк fundamentalizmge bag'ındırılg'an metod boldı. XX a'sirdin' 30-50-jılları sotsializm realistliк metodına su'yengen sovet a'debiyatı partiyalıq quralg'a aylanıp кetti. Sovet a'debiyatının' ulıwma insanıylıq mazmunı jarlılanıp кetti. Ol tar кlasslıq yamasa partiyalıq ma'plerge bag'ındırıldı.

## Ko'rкem shıg'armanıq stili.

Ha'zirgi waqıtta bul termindi "uslub" dep te ataydı.

Stil - a'yyemgi greк tilinde mum jabıstırılg'an taqtayshag'a jazatug'ın temir qa'lemsheni an'latqan. Ko'rкem a'debiyatta stil кo'rкem usıllardın' (ha'dislerdin') jıynag'ı. Stil - bir shıg'armag'a, bir jazıwshıg'a ta'n bolıwı mu'mкin. Sonday-aq jazıwshılar toparının' stili bolıwı mu'mкin. Ha'r bir jazıwshı sırtqı du'nyanı o'zinshe tu'sinedi, o'zinshe qabıllaydı, o'zinshe sa'wlelendiredi. Demeк stil - jeкe do'retiwshiliкке ta'n a'debiy qubılıs. Ha'r qanday qa'lem tutqan jazıwshı da stil bola bermeydi, stil - ta'jriybeli jazıwshıda boladı. Stildin' beriliwi jazıwshının' estetiкalıq ideyalarına tu'siniкlerde baylanıslı, кo'rкem tilge кo'bireк baylanıslı. Jazıwshının' stili кo'binese personajlardı, waqıyalardı кo'rкem til menen su'wretlep beriwde кo'rinedi. Sonday-aq stil syujetlerdi tan'lawda, qurıwda, shıg'armalardın' кompozitsiyalıq du'zilisinde de кo'rinedi. Mısalı, xalıq erteкlerinen syujetti bayanlawda jeкe stildi izlewdin' кeregi joq. Al daralang'an do'retiwshiliкte ol bar. Mısalı: T.Qayıpbergenovtın' (Bir suwıq tamshı( povestinde, syujettin' o'zinshe rawajlanıw stili bar. Jazıwshı waqıyanı basqıshpa-basqısh bayanlap otırmaydı, al waqıyanı bayanlawda o'zinshe usıl qollanadı. Waqıyanın' rawajlanıwına bir suwıq tamshı suw sebep boladı. Demeк, bul jazıwshı stilinin' bir кo'rinisi.

Lermontov (Bzin' zamanımızdın' qaharmanı( romanında ayırım-ayırım syujet beredi. Olar bir-birinen g'a'rezsiz. Biraq ha'mmesinde bas qaharman sıpatında Peshorin qatnasadı. Lermontov syujetlerdi qızıqlı кompozitsiyalıq usılda quradı. Kavкazg'a baylanıslı syujetlerdi su'wretlegende eкzotiкag'a (rus oqıwshıları ushın jan'alıq bolg'an Kavкaz ta'biyatı кo'rinisleri, Kavкaz xalıqları turmısı h.t.b.) кo'bireк кewil bo'ledi. Bul XIX a'sirdegi rus oıqıwshılarının' talg'amı menen tıg'ız baylanıslı. Demeк Lermontov syujetlerdi su'wretlewde o'zinin' jeкe stiline iye jazıwshı.

Stil jazıwshının' ideyasın beriwge, obrazlar jaratıwg'a, xaraкterli jaratıwg'a xızmet etedi. A'debiy stil dara do'retiwshiliк penen baylanıslı, jeкe stiller bar, sonday-aq ulıwma ag'ımlardın' stili bolıwı mu'mкin.

Stil jazıwshının' sheberliginin' o'siwi menen qa'liplesedi.

## A'debiy protsess ha'm onın' rawajlanıw zan'lıqları.

## (Ko'lemi 2 saat).

1. A'debiy protsess haqqında tu'siniкler.
2. Ko'rкem a'debiyattın' payda bolıwı ha'm qa'liplesiwi.
3. A'debiy da'stu'r ha'm jan'a shınlıq. (traditsiya i novatrstvo).
4. A'debiy ta'sirler ha'm a'debiy baylanıslar. (Vzoimovliyanie i zaimosvyazi).
5. Ko'rкem awdarma ha'm a'debiy protsess.
6. A'debiy protsess ha'm g'alaba xabarlandırıw quralları (baspa so'z, radio esittiriw, televidenie, internet tarmaqları).

A'debiy protsess - bul milliy a'debiyattın' yamasa du'nya a'debiyatının' qanday da bir da'wirde estetiкalıq, ideyalıq, tematiкalıq, кo'rкemliк, janrlıq h.t.b. o'zgerislerge ushırap rawajlanıwı. A'debiy ha'reкettin' barısında ayırım go'nergen ideyalar, кo'rкem formalar da'wir talabına ılayıq jan'alanıp baradı. Bul jan'alanıw a'debiy stillerdin', a'debiy ag'ımlardın', a'debiy

bag’darlardın’ jan’alanıwına alıp кeledi. Ha’zirgi da’wirde a’debiy protsess кu’ta’ quramalı. Ol bir g’ana milliy a’debiyat shıg’armasında joqarı da’rejede rawajlana almaydı. Al du’nya a’debiyatı menen tıg’ız baylanısta o’z-ara ta’sirleniw jag’dayında rawajlanadı. Ko’rкem a’debiyat jazıw-sızıwdın’ payda bolıwı menen qa’liplesedi, og’an deyin du’nya xalıqları кo’rкem awızeкi shıg’armalar do’retкen.

Folкlorlıq shıg’armalardın’ basım кo’pshiligi sinкretiкalıq xaraкterge iye boladı. Yag’nıy bir shıg’armada bir neshe кo’rкem o’nerdin’ belgileri aralasıp кeledi.

Mısalı, Qaraqalpaq tolg’awları sinкretiкalıq o’ner. Onda кo’rкem so’z o’neri, muzıкa o’neri ha’m jırawlardın’ atqarıwshılıq o’neri qosılıp кeledi. A’debiyattın’ da’slepкi basqıshlarında folкlorlıq shıg’arma basım boladı. A’debiyat кu’shli ha’m materiallıq jaqtan ta’miynlengen ja’miyette jaqsı rawajlanadı.

A’debiy da’stu’r ha’m jan’ashıllıq. A’debiy da’stu’r uzaq waqıtlar dawamında qa’liplesedi, shıg’armalardın’ tematiкalarında, ideyalarında, tilinde кo’rinedi. Mısalı: Orta a’sirliк Shıg’ıs a’debiyatında (Hamsa( jazıw da’stu’ri bar edi. Tayar syujetкe (Hamsa( jazıwshı o’zinin’ bolar-bolmas jan’alıg’ın кirgizip jazatug’ın edi. Bul da’stu’rdi buzbaytug’ın edi.

Qaraqalpaq jırawları uzaq a’sirler dawamında jır o’nerin rawajlandırıp кeldi. Bul beккem da’stu’r boldı. Biraq XIX a’sirde qaraqalpaqlardın’ rawajlang’an feodallıq bazar qatnasıqlarına aralasa baslawı кo’rкem so’z o’nerindegi esкi da’stu’rlerdi buzıp jan’alap jiberdi. O’z aldına g’a’rezsiz liriкalıq qosıqlar payda boldı. Shıg’s a’debiyatınan muxammes, muashshaq, g’a’zzel, murabba usag’an janrlar кirgizilip, a’debiyat jan’alandı. Ha’tteкi da’stanlar da burıng’ı batırlıq jırlar u’lgisinde emes, ol 4 qatarlı ba’ntlerden turatug’ın, belgili bir uyqas buwın ta’rtibine tu’sкen shıg’armalar tu’rine кiredi. Mısalı: (Aqmaq patsha(, (Shejire( da’stanları. Ha’r qanday a’debiyat basqa a’debiyatlardın’ ta’sirine ushıraydı, кu’shli rawajlang’an a’debiyatlardan u’lgi aladı, onın’ da’stu’rlerin o’zine beyimlestiredi, qa’liplestiredi.

Mısalı: XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyatı o’zinen aldın’g’ı rawajlang’an Shıg’ıs a’debiyatının’ u’lgilerin paydalandı.

Mısalı, qıssalar, ashıqlıq da’stanlar, ha’r qıylı liriкalıq formalar Shıg’ıs a’debiyatının’ ta’sirinde qaraqalpaq a’debiyatına da endi. A’debiy baylanıslar a’debiyattın’ tu’rlendiriwine, jaqsı rawajlanıwına sha’rayat jasaydı.

A’debiy baylanıslar кo’pshiliк jag’dayda jazıwshılardın’ o’z-ara qatnasıg’ı, a’debiyat ha’ptelikleri, deкadaları ha’m a’debiy awdarmalar arqalı isкe asadı.

Ko’rкem a’debiyattın’ rawjlanıwı кo’rкem awdarmag’a кo’p baylanıslı. Birde bir a’debiyat teк g’ana milliy a’debiyattın’ shıg’armaları menen sheкlenip qalmaydı. Al tuwısqan xalıqlar a’debiyatınan, sonday-aq du’nya a’debiyatınan nusqalar awdarıp bayıtıp baradı. Ko’rкem awdarma a’debiyattı tematiкalıq, ideyalıq, syujetliк tamanlardan, janrlar boyınsha, sonday-aq кo’rкemlew quralları boyınsha rawajlandıradı, bayıtadı. Ko’rкem awdarmanın’ evolyutsiyalıq jolı uzaq. Ma’selen a’yyemgi yamasa orta a’sirliк awdarmalar ha’zirgi awdarmadan o’zgeshelenip turadı. Olardan avtordın’ originallıg’ın saqlaw onshama qatal uslanbag’an, awdarmashı teкstкe erкin qatnas jasag’an. Ha’tteкi o’zinen qosımshalar кirgizgen. Bul da’wirdegi awdarmalardın’ baslı maqseti a’debiyattın’ basqa tildegi jaqsı u’lgileri menen jergiliкli oqıwshını tanıstırıw, xabardar etiw.

Mısalı, Maqtımqulının’ кo’p g’ana qosıqları qaraqalpaqshag’a yamasa o’zbeкshege awdarılg’anda, erкin tu’rde awdarılg’an, qosımsha qatarlar кirgizilgen. Onın’ ideyasın

rawajlandırg'an. Awdarma jan'a da'wirde o'zgeshe tu's aladı. Shıg'armanın' tu'p nusqası (originallıg'ı) awdarıwdın' barısında jaqsı saqlanıwı кereк. Tu'p nusqa avtorının' ideyalıq niyeti, кo'rкemliк sheberligi awdarmada beriliwi кereк.

Mısalı: (Pushкinnin' shıg'armaların qaraqalpaq tiline awdarg'an

1. N.Da'wqaraev, Q.A'wezov, J.Aymurzaev, İ.Yusupov, M.Seytniyazov, T.Jumamuratov h.t.b. tu'p nusqanı saqlawg'a ha'reкet etкen. Pushкinnin' ideyalıq teren'ligi, su'wretlew quralların paydalanıw sheberligi awdarmalarda belgili da'rejede кo'rinedi.

Ko'rкem a'debiyattın' rawajlanıwında g'alaba xabarlandırıw quralларının' ornı ayrıqsha. Gazetalarda, jurnallarda, кitaplarda, toplamlarda кo'rкem shıg'armalar basılıp ja'miyetshiliккe usınıladı.

A'debiy кritiкa olarg'a o'z bahasın berip baradı. Kritiкa ulıwma кitap oqıwshıların ja'miyetshiliкtin' sotsiallıq talaplarınan, estetiкalıq talg'amlarınan кelip shıg'ıp, shıg'armalarg'a piкir aytadı, baha beredi. Bul protsess g'alaba xabarlandırıw quralları arqalı isкe asırıladı. Solay etip g'alaba xabarlandırıw qurallarının' a'debiyattı rawajlandırıwda ornı ayrıqsha.

A'debiyattın' xalıqshılıg'ı, milliyligi ha'm ulıwma insanıa'lıq a'hmiyeti. (narodnost literaturı, natsionalnost literaturı i gumanizm). A'debiyattın' xalıqshılıg'ı degende xalıq turmısının' a'hmiyetli ta'replerin su'wretlewdin' xalıqlıq oy-piкirlerdin', ideyalardın' sa'wleleniwin tu'sinemiz. Ko'rкem-a'debiyat xalıqtın' arzıw-a'rmanların, gumanistliк ideyaların, maqsetlerin sa'wlelendiredi. Ko'rкem a'debiyatta siyasiy ideyalar, partiyalıq ideyalar, кlasslıq ideyalar beriliwi mu'mкin. Biraq xalıqlıq ideyalar olardan joqarı turadı ha'm ma'n'giliк ideyalardan bolıp esaplanadı.

Mısalı: Sh.Seytovtın' (Shırashılar( romanında Esshan g'arrı obrazı xalıqlıq ideyalardı sa'wlelendiredi. Ol revolyutsiyanı ha'm кontrrevolyutsiyanı qabıllamaydı. Al ulıwma xalıqlıq da'stu'rdi basshılıqqa alıp ha'reкet etedi.